O’zbekistan Respublikası xalıq ta’lim wa’zirligi
No’kis ma’mleketlik pedagogikalıq institutı

Mektepke shekemgi ta’lim kafedrası

*Qalieva Jaynaxan Sultamuratovna*

Pedagogika fakulteti
Mektepke shekemgi ta’lim ha’m balalar sportı
qa’nigeliginin’ 4 kurs talabası

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

Tema: Balalardın’ psixologiyalıq jaqtan rawajlanıwında erteklerdin’ a’hmiyeti

NO’KİS - 2012 jıl

Kirisiw

I.Bap. Balalar baqshalarındag'ı ta'lim-ta'rbiya jumıslarının' mazmunın jetilistiriwdin' o'zine ta'n o'zgeshelikleri.

I.1 Ta'rbiyashının' pedagogikalıq protsessti jobalastırıwı.

I.2 Qaraqalpaq awız eki xalıq do'retpesi ha'm onı izertlew tariyxınan.

I.3 Balalar baqshasında qollanılatug'ın ertekler ha'm olardın' mazmunının' a'hmiyetliligi.

II BAP. Balalardın' psixologiyalıq jaqtan rawajlanıwında erteklerdin' a'hmiyeti.

II.1 Mektepke shekemgi jastag'ı balalardın' psixologiyalıq xarakteristikası.

II.2. Mektepke shekemgi jastag'ı balalardı psixologiyalıq jaqtan rawajlandırıwda erteklerdin' ha'r qıylı usıllarda qollanılıwı.

II.3. Balalardın' jasına ha'm uqıbına qaray awız eki xalıq do'retpelerin u'yretiw usılları.

Juwmaqlaw.

Paydalang'an a'debiyatlar

# KİRİSİW

***Temanın’ aktuallıg’ı***: Prezidentimiz İ.A.Karimov: «Ata-babalarımızdın’ pa’k ruwxı, u’rp-a’deti, bizlerdin’ en’ jaqsı da’stu’rlerimiz qayta tiklengende g’ana ma’mleketimiz  tabıslı rawajlanadı. Bilimli, ruwxı bay, ku’sh quwatlı adamlar keleshek rawajlanıw jolın basıp o’te aladı. Bul jolda, ata-babalarımızdın’ qa’diriyatları o’zgerislerdin’ bekkem tiregi bolıp xızmet etedi», dep atap ko’rsetken edi.

Usıg’an baylanıslı, Respublikamızdın’ ja’miyetlik turmısındag’ı bolıp atırg’an g’a’rezsizlik tiykarındag’ı ha’r qanday o’zgerisler, zaman talabına ılayıq rawajlanıw, elimizdin’ siyasiy ha’m ruwxıy  turmısında u’lken jan’asha ko’z qarastın’ payda bolg’anlıg’ın ko’rsetedi. Xalqımızdın’ a’sirler dawamında toplag’an ruwxıy miyrasları insannın’ du’nyag’a ko’z qarasın rawajlandırıwg’a, milliy miyraslarımızg’a su’yispenshilik mu’na’siybette bolıwg’a, ta’lim-ta’rbiyalıq da’stu’rlerin biliw ha’m olardı xalqımızdın’ turmıs ta’jiriybesinde en jaydırıw, keleshegimiz bolg’an jas a’wladttın’ sanasına sin’iriw bu’gingi ku’nnin’ en’ aktual ma’selelerinin’ biri bolıp esaplanadı.

Awız eki xalıq do’retpesi so’z zergerlerinin’ danalıq so’z o’neri xalqımızdın’ o’tkendegi tariyxıy o’mir tirishiliginen mag’lıwmat beretug’ın-xalıq o’mirinin’ aynası. Bunda xalqımızdın’ o’tkendegi o’miri, ku’n ko’risi, onın’ keleshek a’rmanı so’z etiledi. Xalıq ta’repinen do’retilgen so’z o’neri-«folklor», dep atalıp kiyatır. Folklor-anglichan so’zi bolıp, ol xalıq danalıg’ı degen ma’niske iye. Shınında da xalıq do’retken awızeki so’z o’neri miynetkesh xalıqtın’ arzıw - a’rmanları menen danalıq oy-pikirinen do’retilgen. Bul xalıq danalıg’ı atadan-balag’a, zamannan zamang’a o’tip bizin’ da’wrimizge deyin kelip jetken.

Awız eki xalıq do’retpesi zaman o’tiwi menen tu’rli so’z sheberlerinin’ qolına tu’sip tu’rli o’zgeriske ushırag’an, ha’r zamannın’ a’wladları o’zinin’ tilegin, a’rmanın qosıp otırg’an. Sonlıqtan da folklordın’ ha’r qaysısının’ do’regen da’wirin belgilew qıyıng’a tu’sip otıradı.

Awız eki xalıq do'retpesi zaman tilegine qaray tu'rli o'zgeriske ushırag'anı menen, onın' da'slepki do'regen da'wirin, ondag'ı tu'rli zaman adamlarının' basqan tamg'asın ko'riwge boladı, bul folklordı izertlewshilerdin' sheberligine baylanıslı. Sebebi, ata-babalarımız «Bolar bala bes jasınan degendey», balanın' ta'lim-ta'rbiya alıwı ana su'ti menen birge onın' ishki du'nyasına kirip baradı. Sonlıqtan, birinshi gezekte shan'araq ta'rbiyası menen ta'rbiyanın' tiykarın qalawshı orın bolg'an balalar baqshası menen birgelikte a'melge asırılg'an ta'rbiyalıq jumıslar en' jaqsı na'tiyjelerge eristiretug'ınlıg'ın ko'rsetedi.

Folklorda- o'tkendegi xalıqtın' basınan keshirgen o'miri, turmıs saltı, u'rpi, a'deti, onın' du'nyanı tanıwı so'z etilip, xalıqlardın' o'tkendegi o'mir tirishiliginen xabar berilip, tariyx ilimine, onın' bir bo'legi bolg'an etnografiya ilimine de bay mag'lıwmatlar beredi. Xalıqlar tariyxın izertlewshi tariyxshılar xalıqtın' awızeki a'debiyatın ayrıqsha bahalap, og'an tariyxıy xalıqlıq nusqa sıpatında qaraydı. Sonlıqtan da folklor xalıq o'mirinin', xalıqlar tariyxının' aynası bolıp tabıladı.

Awız eki xalıq do'retpelerin xalıq do'retedi, ol bir so'z sheberi ta'repinen do'retiledi, avtorsız folklor do'remeydi, al biraq zamannan zamang'a o'tip tu'rli so'z sheberleri arqalı burıng'ı payda bolg'an folklorg'a qosımtalar qosılıp, jetildirip qayta islenedi, og'an ha'r da'wirdin' xalıqlıq tilegi qosılıp en' da'slepki do'retken avtordın' atı umtılıp, jalpı xalıq mu'lkine aylanıp ketedi. Tu'rli zaman so'z sheberlerinin', onın' du'nyag'a ko'z qarası arqalı onın' tu'rli janrları payda bolıp otıradı, ol janrlarda o'tkendegi tu'rli ja'miyettin' basqıshına ılayıq tu'rli da'stu'rler, do'retpeler payda bolıp, onı xalıq ma'pine ılayıq, awızeki xalıq do'retpelerin qollanıp baradı.

Prezidentimiz İ.A.Karimov o'zinin' shıg'ıp so'ylegen so'zinde «Qaysı bir ma'mlekettin' rawajlanıw tariyxın bilgin' kelse, da'slep onın' ma'deniyatın, ruwxıy miyrasların, ana tilin u'yren», degen edi.

Haqıyqatında da, ma'mleketimizdin' rawajlanıwı ushın birinshi gezekte ana tilimiz ha'm onı da'liylep ko'rsetetug'ın ata-babalarımızdan miyras bolıp qalg'an ruwxıy miyraslar bizin' ma'mleketimizdin' ha'r ta'repleme

rawajlanıwın, du’nya ju’zi ma’deniyatınan orın alıwg’a ha’m onı tanıtıwg’a o’z u’lesin qosadı. Balanın’ ruwxıy jaqtan bay bolıwı, onın’ erkin pikir ju’rgiziwine, oy-o’risinin’, til baylıg’ının’ rawajlanıwına tiykar saladı.

Usıg’an baylanıslı, erte jasınan baslap aq, balalardı xalqımızdın’ miyras etip qaldırg’an, ha’zirgi ku’nge shekem o’zinin’ qunın joytpay, jan’alanıp bizin’ da’wirimizge jetip kelgen awız eki xalıq do’retpeleri ta’lim-ta’rbiya beriwde oraylıq orındı iyelep kelmekte.

A’sirese, balalardın’ haqıyqıy o’mirdi tanıwında, ha’r qanday waqıyalardı erkin, o’z betinshe u’yrenip ha’m jen’ip shıg’ıwda ertekler, naqıl-maqallar, jan’ıltpashlar, qosıqlar o’zinin’ ta’sirli, mazmunlı, balalrdın’ qızıg’ıwshılıg’ın arttırıwshı qa’siyetleri menen ajıralıp turadı.

Usılardı esapqa alag’an halda, bu’gingi ku’nnin’ en’ baslı wazıypalarının’ biri jaslardı ha’r ta’repleme, o’z elinin’ sadıq ha’m bilimli insanı etip ta’rbiyalaw ma’selesi bolıp tabıladı. A’sirese, bunday wazıypalardı a’melge asırıw, bilim ha’m ta’rbiya beriwdin’ tiykarg’ı fundamenti bolg’an mektepke shekemgi jas da’wirindegi balalardı ta’rbiyalawshı pedagoglar, psixologlar ha’m ta’rbiyashılardın’ en’ tiykarg’ı xızmeti bolıp esaplanadı. Sebebi, balalar baqshısındag’ı mektepke shekemgi jas da’wir, balalardın’ en’ sapalı ha’m ta’sirli bilim ha’m ta’rbiya alıwındag’ı en’ tiykarg’ı da’wirdi o’z ishine aladı.

Demek, mektepke shekemgi jastag’ı balalardın’ ha’r ta’repleme bilim ha’m ta’rbiya alıwında, balalardın’ bilim da’rejesin ha’r ta’repleme jetilistiriwde ta’rbiyashının’ ta’rbiya jumısları og’ada a’hmiyetli ha’m ullı.

Ta’rbiyashı baqshada balalar menen tek g’ana waqıttı bosqa o’tkeriw g’ana emes, al – ta’rbiyashı balalardın’ en’ jaqın, isengen insanı bolıwı, onın’ keleshegi ushın janın pida’ etiwshi, ta’lim-ta’rbiya islerin, qızıqlı, ta’sirli, haqıyqıy o’mirdi sa’wlelendiretug’ın sabaq formasında o’tiwdi iske qosıwdı talap etedi. Demek, ta’rbiyashı ku’ndelikli turmısta, ha’r bir sabaqtı balanın’ kishi jasınan mektep oqıwshısı da’rejesine o’tiwge shekemgi aralıqta tayarlawshı, balanın’ jan’adan payda bolatug’ın belgilerinin’ qa’liplesiwine u’lken ja’rdemin tiygiziwshi insan xızmetin atqaradı.

Balanın’ – ku’ndelikli baqshadag’ı turmısı, sabaqqa qatnası, oyın arqalı bilim, uqıp ha’m ko’nlikpeler da’rejesin iyelep alıwında, sanasının’ rawajlanıwında ta’rbiyashı u’lken xızmet atqaradı. Psixolog ha’m pedagoglar, sabaq ha’m oyınnın’ bul ayırmashılıg’ına u’lken dıqqat awdarıp, bılay dep pikir bildiredi: «Sabaq ha’m oyınnın’ a’hmiyeti tek balada o’zinin’ mazmunı boyınsha xızmetinde jan’a sebeplerdin’ ha’m sog’an baylanıslı wazıypalardın’ payda bolıwı menen sheklenip qalmaydı. Sabaq ha’m oyın na’tiyjesinde jan’a da’liyllewlerdin’, jan’a psixologiyalıq formalarının’ payda bolıwı bir qansha a’hmiyetli bolıp sanaladı. Tek sabaq ha’m oyında g’ana sanalı emes, al affektli (jasalmalı), tu’rlengen tikkeley tilek formasındag’ı motivten, sanalılıq da’rejesine erisken, ulıwmalastırılg’an tilek formasına iye motivke o’tiw payda boladı».

A’lbette, balalar is ha’reketinin’ basqa tu’rleri de bul jan’a talap etiwshiliktin’ qa’liplesiwinde , biraq balanın’ is-ha’reketinin’ sabaqtan ha’m oyınnan basqa birden-bir tu’rinde, u’lken jastag’ılardın’ turmısında bunday tolıq emotsional kirisiw, ja’miyetlik funktsiyanı bunday durıs bo’listiriw ha’m adam xızmetinin’ bunday mazmunlı bolıwınday ta’sir ko’rsete almaydı. Balanın’ rawajlanıwı ushın ha’r qanday ta’rbiyalıq qa’siyetke iye oyınlardın’ birinshi ha’m tiykarg’ı a’hmiyeti mine usınnan ibarat.

***İzertlew jumısının’ maqseti:*** Balalardı xalıq awızeki do’retpeler menen tanıstırıw arqalı olardı psixologiyalıq jaqtan rawajlandırıw.

***İzertlew jumısının’ obekti:*** Mektepke shekemgi jastag’ı balalardı shınıg’ıwlarda ertekler menen tanıstırıw protsessi.

***İzertlew jumısının’ predmeti:*** Mektepke shekemgi ta’lim mekemelerinde xalıq pedagogikası, Qaraqalpaq folklorının’ tu’rlerinen ken’ tu’rde paydalanıw.

***İzertlew jumısının’ wazıypaları:***

a) Mektepke shekemgi jastag’ı balalarda ruwxıy miyraslarımızg’a bolg’an su’yispenshilik sezimlerin ta’rbiyalaw;

b) Sabaq mazmunında awız-eki xalıq do’retpelerin sa’wlelendiriwshi usıl ha’m metodlardan ken’ tu’rde paydalanıw;

v) Ertek waqıyaları arqalı balalardın’ qıyalın ha’m do’retiwshilik qa’bilietlerin rawajlandırıw.

***İzertlew jumısının’ jan’alıg’ı ha’m a’meliy a’hmiyeti:***

Awızeki xalıq do’retpelerinin’ biri ertekler arqalı mektepke shekemgi jastag’ı balalardı psixologiyalıq jaqtan, olardın’ erkin, qıyalın, oylawın h’a’m so’ylew tilin rawajlandırıw, syujetli-rolli oyınlar arqalı olardın’ do’retiwshiligin rawajlandırıw na’zerde tutıldı. Saxnalastırılg’an rolli oyınlar arqalı interaktiv usıllardı qollang’an h’alda balalardın’ emotsional sezimlerin joqarı da’rejege ko’teriw h’a’m rawajlandırıwda paydalanıwdı usınıs etiledi.

***İzertlew metodları***: Pedagogikalıq analiz, sa’wbet, metodikalıq usıllar.

***Jumıstın’ du’zilisi*** : Kirisiw, 2 bap, juwmaqlaw ha’m paydalanılg’an a’debiyatlardan ibarat.

## I.Bap. Balalar baqshalarındag’ı ta’lim-ta’rbiya jumıslarının’ mazmunın jetilistiriwdin’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri

Mektepke shekemgi ta’rbiya mekemelerinin’ ta’lim-ta’rbiyasının’ islerin talap da’rejesinde sho’lkemlestiriw ha’zirgi da’wirdin’ en’ a’hmiyetli wazıypasının’ biri. Bul wazıypalardı orınlaw ushın ko’p g’ana ilajlar islenip atır. Keleshekte jas a’wladtı jetilisken insan sıpatında qa’siplestiriw, balalardın’ ja’miyette o’z orın tabıw ushın balalar baqshasınan baslap-aq olardın’ turmısın durıs sho’lkemlestiriw u’lken a’hmiyetke iye.

Mektepke shekemgi ta’lim u’zliksiz ta’limnin’ da’slepki basqıshı bolıp, ol balalardın’ 6-7 jasqa shekemgi ma’mleketlik ha’m ma’mleketlik emes mekemede ha’m shan’araqtag’ı ta’lim-ta’rbiyanın’ islerin a’melge asıradı. Sonlıqtan:

A) Balalar baqshasında ta’rbiyashı zaman talapları tiykarında ta’rbiya jumısların alıp barıwı za’ru’r;

B) Balalar baqshasında ta’rbiyashılar birinshi gezekte ata-analar menen ta’rbiyalıq jumıslardı sho’lkemlestiriwi za’ru’r;

V) Ata-analardı o’z balasının’ baqshasındag’ı turmısı qalay ha’m nelerdi u’yrenip atırg’anlıg’ına qızıg’ıwshılıg’ın oyatıw za’ru’r;

G) Ha’r bir o’tkeriletug’ın ta’rbiyalıq jumıslar, sabaqlar balalardın’ jasına ha’m psixologiyalıq jaqtan rawajlanıwına tiykarlanıp o’tkeriw za’ru’rligin ko’rsetedi;

D) Ta’rbiyalıq jumıslardı sho’lkemlestiriwde jan’a usıllar ha’m metodlar menen bayıtıw ha’m sabaq protsesine kirgiziw za’ru’rligin ko’rsetedi;

E) Ta'rbiyashının' o'z u'stinde islewi, jan'a talaplar menen tiykarlanıp ta'lim-ta'rbiya jumısların sho'lkemlestiriwdi shan'araq, maxalle ha'm baqsha menen baylanıstırıwdın' jan'a mazmunların do'retiw za'ru'r ekenligin ko'rsetedi.

Balalar baqshasının' pedagogikalıq protsesinde ta'lim a'hmiyetli orındı iyelep, ol ku'ndelikli turmısta, oyında, miynette, sabaqta a'melge asırıladı. Balalar do'gerek-a'tiraptag'ı turmıs ha'm ta'biyat penen tanısıw, so'ylew tilin rawajlandırıw, sawat ashıw, elementar matematika tu'siniklerin qa'liplestiriw, dene ta'rbiyası, saz-sawbet boyınsha en' a'piwayı tu'sinik ha'm bilimlerin iyelep aladı. Balalar iyelep alıwları kerek bolg'an bilim, uqıp ha'm ko'nlikpeler balalar baqshasının' bag'darlamasındag'ı ma'mleketlik talaplar ha'm mektepke shekemgi kontseptsiyalarda belgilep berilgen bolıp, ol balalardın' ulıwma rawajlanıwında ha'm mektep ta'rbiyasına tayarlawda u'lken a'hmiyetke iye.

Baqshada sabaq o'tiw protsesinde bilim ha'm ta'rbiya beriw didaktika printsipleri tiykarında balalardın' jas ha'm o'zine ta'n o'zgesheliklerine qaray belgili izbe-izlikte alıp barıladı, mazmunın a'ste-aqırın quramalastırılıp baradı. Na'tiyjede ta'rbiyalawshı ha'm rawajlandırıwshı qa'siyetke iye boladı.

Ta'rbiyashı-pedagog bunday ta'lim-ta'rbiya jumısların durıs sho'lkemlestirip ha'm balalar menen durıs pedagogikalıq qarım-qatnasta bolsa, balalarda pikir alısıw, o'z bilgenlerin erkin bayan etiw sezimleri tez rawajlanıp, psixologiyalıq jaqtan tolıq o'zin basqarıw mu'mkinshiligine iye boladı.

«Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması»nın' III basqıshının' tiykarg'ı talaplarının' biri-bul keleshgimiz tiykarı bolg'an balalar baqshalarındag'ı bilim mazmunın bu'gingi ku'ndegi talap da'rejesinde jetilistiriw bolıp tabıladı.

Balalar baqshasındag'ı ta'rbiyalanıwshılarg'a beriletug'ın bilim mazmunı ha'm onı jetilistirip barıw – bul tiykarınan aqıl ta'rbiyasın qa'liplestiriwden payda boladı. Bul ushın baqsha balaların qorshag'an ortalıq penen tanıstırıp barıw, ku'ndelikli turmıstag'ı o'zgerislerdi ttu'sindiriw, olardag'ı so'z baylıqların rawajlandırıw bul baqsha balalarının' bilimlerdi iyelewinin' tiykarı bolıp xızmet etedi.

Balalardag'ı bilim mazmunın erkin tu'rde, u'lkenlerdin' yaki ta'rbiyashılardın' basshılıg'ındag'ı ku'ndelikli turmısta ha'r qıylı shınıg'ıwlar arqalı jetilistirip barıwg'a boladı. Ko'pshilik waqıtta ayırım balalarımız o'zindegi bir qansha bilim qorına iye bola tura, o'zleri u' yaki w jasta bolsa da ku'ndelikli turmısta qaytalanıp turatug'ın ulıwmalıq tu'siniklerdi an'lap jetpeydi, en' a'piwayı ha'diyseler arasındag'ı baylanıslar menen o'zgerislerdi ayırıp anıqlaw mu'mkinshiligine iye bola almaydı. Bul ushın ha'r bir jastag'ı balalarg'a belgilengen bilimler ko'leminde mektepke shekemgi ta'rbiyalaw mekemelerinin' ma'mleketlik bilimlendiriw standartı talaplarına muwapıq islep shıg'ıw maqsetke muwapıq boladı.

Sebebi, baqsha balalarının' minezinin' topardan toparg'a o'tken sayın o'zgere barıwı menen, sana-sezminin' o'siwiw anıqlaw, olardı a'tiraptı qorshag'an ortalıq penen tanıstırıw bag'darlamasın islep shıg'ıw pedagogikalıq izertlewlerdin' tiykarg'ı wazıypası.

Baqsha balalarındag'ı bilim mazmunın anıqlawg'a birinshilerden bolıp tiykar salg'an belgili ilimpaz Ya.A.Komenskiydin' «Analar kitabı» dep atalg'an miynetinde u' jasqa shekegi arnalg'an balalarg'a qanday bilimler beriw kerekligi haqqında og'ada durıs bag'dar berilgen. Balalar baqshalarına arnalg'an barlıq bag'darlamalarda qorshag'an ortalıq penen tanıstırıwg'a, sonday-aq ja'miyetli waqıyalar ha'm ha'diyseler menen tanıstırıp barıwg'a u'lken itibar beriledi a'meldegi «Balalar baqshasında ta'rbiya bag'darlama»sında balalardı ta'biyat penen, ha'r tu'rli ka'sip iyelerinin' miyneti menen, o'zine tu'sinikli bolg'an halda ja'miyetlik turmıs a'hmiyetleri menen, predmetler, olardın' sıpatı ha'm o'zine ta'n o'zgeshelikleri menen tanısıw na'zerde tutılg'an. Oqıtıw bag'darlaması ushın do'gerek a'tirap haqqındag'ı mag'lumatlar olardın' ta'rbiyalanıwshılıq xarakterinin' ilimiy tiykarlang'anlag'ın, haqıyqıy mektepke shekemgi ta'rbiya jasındag'ı balalarg'a tu'sinikliligin esapqa alg'an halda tan'lap alındı. Demek, balalar o'zlestirip alınatug'ın bilimler mazmunının' o'zi ta'rbiyalawshılıq xarakterge iye bolıwı kerek.

Ma'mleketlik bilimlendiriw standartı talaplarına tiykarlanıp islengen baqsha bag'darlaması mektepke shekemgi jastag'ı balalarg'a ta'rbiya haqqındag'ı bilimlerdi u'yreniwdin' ko'pshilik bo'legin quraydı. Sebebi, bul jastag'ı balalarda ta'biyatqa

bolg'an su'yispenshilik sezimleri payda boladı. O'simlikler menen haywanlarg'a g'amxorlıq penen qatnas jasaw ko'nlikpelerin o'z sanasında qa'liplestiredi. :lkenler miyneti tuwralı tu'siniklerge iye boladı. Ma'selen, o'zleri ta'rbiyalanıp atırg'an baqsha imaratı tuwralı tu'siniklerge iye bolıwı, qurılısshılar miynetine bolg'an hu'rmetti tu'siniw, onın' ja'miyetine bolg'an ıqtıyarlılıqtı tu'sinip barıw baqsha bag'darlamsındag'ı bilim mazmunının' tiykarın quraydı. Usıllardın' na'tiyjesinde baqsha balalarında ta'rbiya qubılısları tuwralı en' a'piwayı, lekin ilimiy ta'repten da'lillengen bilim mazmunı menen ko'lemi payda boladı. Bular ta'biyat qubılıslarının' bir birine baylanıslılıg'ın ha'm du'nyalıq ko'lemde insannın' ta'biyat ha'm ja'miyettegi ornın tu'sinip alıwg'a ja'rdem beredi.

Demek, baqsha bag'darlamasında ko'zde tutılg'an bilimler mektepke shekemgi ta'rbiya jasındag'ı balalar ushın tu'sinikli. Sebebi, olardın' bilimi topardan toparg'a o'tken sayın bekkemlenip, bilim mazmunı ulıwmalasqan boladı. Eksperiment jumıslarının' na'tiyjeleri sonı ko'rsetedi, baqshanın' barlıq toparlarında balalar transport tu'rleri menen tanısadı, eger kishi topardag'ı balalar qalalıq jerlerde bolsa, bunda qala transportlarının' tiykarg'ı tu'rleri ha'm alıs jerlerge qatnaytug'ın transport tu'rlerin, ma'selen, İkarus avtobusları, poezdlar, samolet h.t.b. tu'rleri bulardan tısqarı transportta isleytug'ın adamlar miynetinin' o'zine ta'n o'zgesheliklerin, ja'miyetlik transportlardan paydalanıw qag'ıydaların biliwi bular balalarg'a bilim mazmunı menen ko'leminin' anag'urlım da'rejede ken'eygeninen derek beredi.

Ma'selen, bizin' sharayatımızda bul bag'darda alıp barılıp atırg'an jumıslardı No'kis qalalıq xalıq bilimlendiriw bo'limine qaraslı qo' ha'm g'w sanlı baqshalar mısallarında alıp qarag'anımızda balalardag'ı bilimnin' anıq bolıwı ushın olardag'ı watan haqqındag'ı tu'siniklerdin' sanasında qa'liplestiriw ushın ta'rbiyashı olarg'a kitaplar oqıp beredi, g'a'rezsiz ma'mleketimizdegi tu'rli millet xalıqları, olardın' u'rp-a'detleri miynet tu'rleri haqqında olardın' jasaw sharayatları tuwralı so'z etiledi.

Pedagogikalıq protseslerdi a'melge asırıwda jan'a elementlerdi engiziw arqalı balalardın' bilim ha'm ta'jriybesine su'yenip, jan'a bilimlerinin burın o'zlestirilgenligi menen baylanısına su'yeniw yamasa praktikalıq ha'reketlerdin' ha'r qıylı tu'rlerinde (oyınlarda, shınıg'ıwlarda, jarıslarda h.t.b) balalardın' bilimlerin

qollaw maqsetinde anaw yamasa mınaw tema boyınsha bilim ha'm tu'sinikleri da'rejesin anıqlaw kerek boladı.

Balalardın' oylaw ha'm so'ylew uqıplılıg'ın jetilistiriw maqsetinde olardın' jedel oylaw ha'reketin talap joqarı da'rejesin ta'miyinleydi.

## I.1 Ta'rbiyashının' pedagogikalıq protsessti jobalastırıwı

Balalar baqshasında ta'lim-ta'rbiya protsessin pedagogika pa'ni arqalı rawajlanıw barısında barlıq pedagogikalıq ideyalardı o'z ishine alıp, ?atan ha'm og'an degen su'yispenishlik sezimlerin ha'r ta'repleme ashıp beredi.

Sonlıqtan, pedagogika insan ushın ha'r ta'repleme ta'rbiya beriw nızamlılıqların ashıp beretug'ın pa'n bolıp, ol tek jas o'spirimler ushın g'ana emes, al barlıq jas basqıshlarında rawajlandırıwshı nızamlılıqlar haqqındag'ı bilim ha'm ta'rbiya bolıp esaplanadı.

Balalar baqshasında ta'lim ha'm ta'rbiyanı sho'lkemlestiriw metod, usıl, mazmun, oqıtıwshı – ta'rbiyashıg'a qoyılatug'ın talap ha'm wazıypalardı esapqa alg'an jag'dayda, aldın'g'ı pedagogikalıq ta'jriybeni u'yrenip ilimiy jaqtan da'liylengen metodikalıq miynetlerge su'yengen halda qollanıladı.

Balalar baqshasında asırılatug'ın ta'lim – ta'rbiya jumısların jobalastırıw belgili bir maqsetke qaratılg'an bolıp, onın' tiykarg'ı wazıypası, mazmunı ha'm metodları mektepke shekemgi ta'rbiya jasındag'ı balalardın' ruwxıy, fiziologik jaqtan rawajlanıwı, onın' o'zine ta'n ta'replerin itibarg'a alg'an jag'dayda ta'rbiyalawdan ibarat. Mektepke shekemgi ta'rbiya ma'kemelerdegi ta'lim-ta'rbiya jumısların jobalastırıw quramalı ma'sele bolıp, ta'rbiyashıdan balalardın' ruwxıy – fiziologiyalıq rawajlanıw da'rejesi haqqındag'ı bilimlerdi, ta'lim-ta'rbiya bag'darlamasın, ta'lim ha'm ta'rbiyanın' metod ha'm usılların u'yreniwin talap etedi. Joba ta'rbiyashıg'a jıl boyı a'melge asırılatug'ın ta'lim –

ta’rbiya jumısların sistemalı tu’rde bir tegis bo’listiriwi belgili bir izbe-izlik boyınsha a’melge asırıwg’a ja’rdem beredi.

Jobalastırıw jumısları balalar menen a’melge asırılatug’ın ta’lim – ta’rbiya jumıslarına aldın ala puxta tayarlıq ko’riw, na’tiyjeli metod ha’m usıllardı tan’lap alıw, kerekli material ha’m u’skenelerdi, ko’rgizbe qurallardı tayarlaw imkaniyatın jaratadı. Ta’rbiyashı jobalastırg’an barlıq jumıslar ha’r bir balanın’ ha’r ta’repleme rawajlanıwın ta’miyinlewi lazım. Sonın’ menen birge jobag’a o’zgerisler kirgiziwge de boladı.

Sonın’ ushın balalar baqshasında bir neshe tu’rdegi joba du’ziledi: balalar baqshasının’ jıllıq jobası, aldag’ı ko’riletug’ın ila’jlar jobası (istiqbol jobası) ha’m ta’rbiyashının’ kalendarlıq is jobası. Jıllıq joba tiykarınan baqsha baslıg’ı, ta’rbiyashı- metodist ta’repinen du’zilip, balalar baqshasında a’melge asırılatug’ın barlıq jumıslardı o’z ishine aladı. Aldag’ı ko’riletug’ın ila’jlar jobası (istiqbol jobası) a’-q ayg’a mo’lsherlengen bolıp, onın’ tiykarg’ı maqseti balalar menen alıp barılatug’ın ta’lim-ta’rbiya jumısların ta’rtipke salıw ha’m onın’ belgili bir maqsetke qaratılg’an ha’m na’tiyjeli bolıwın ta’miyinlewden ibarat. Onda «Balalar baqshasında ta’lim – ta’rbiya bag’darlama» sının’ ha’mme bo’limlerinde esapqa alınadı.

Jobasında bag’darlamanın’ ha’mme bo’limleri boyınsha a’melge asırıwı lazım bolg’an ta’lim- ta’rbiya jumıslarının’ sisteması, balalar iskerliginin’ ha’mme tu’rleri anıq temalar boyınsha belgilenip barıladı

Kalendarlıq joba 10-12 ku’nge du’ziledi. Ol ku’n dawamında a’melge asırılatug’ın ta’lim- ta’rbiya jumıslarının’ mazmunın o’z ishine aladı. Onı du’ziwde bag’darlama talapları, balalardın’ rawajlanıw ha’m ta’rbiyalanıw da’rejeleri, mektepke shekemgi ta’rbiya ma’kemelerinin’ is sharayatı esapaqa alınadı.

Kalendarlıq joba balalardın’ anıq bilim ha’m du’nyag’a durıs ko’z-qaraslarg’a iye bolıw ha’m olarda qorshag’an ortalıqtag’ı na’rse ha’m buyımlar haqqında bilimlerdi jetilistiriw, biliwge qızıg’ıwshılıqtı ha’m aqılın, oylaw

qa’biletlerin rawajlandırıwg’a, a’dep – ikramlılıq minez-qulqın, a’detin ha’m ko’nikpelerin rawajlandırıwı ha’m basqalar kiredi.

Ta’rbiyashı o’zi jumıs alıp barıp otırg’an topardın’, sonday-aq aldıng’ı ha’m keyingi toparlar bag’darlama talapları ha’m mazmunın jaqsı o’zlestirip alıwları lazım. Ma’selen, bag’darlamanın’ kishkine topar balaların qorshag’an ortalıq penen tanıstırıw bo’liminde balalardı haywanlar, o’simlikler ha’m tag’ı basqa haqqında en’ da’slepki tu’sinik ha’m bilimler menen tanıstırıw wazıypası belgilengen.

Orta toparda bag’darlama boyınsha balalardı qorshag’an ortalıq penen tanıstırıw ha’m zat-buyımlarg’a, waqıya-ha’diyselerge bolg’an qızıg’ıwshılıg’ın artırıw ha’m sol arqalı da’slepki tu’siniklerin payda etiw, olar arasındag’ı o’z-ara baylanıstı anıqlawg’a u’yretiw bas wazıypa bolıp esaplanadı.

U’lken ha’m tayarlaw toparı balalarına zatlar buyımlar, waqıya-ha’diyseler haqqındag’ı durıs ko’z-qarasların ha’m tu’siniklerin rawajlandırıw, olardın’ ta’biyiy sebepler menen baylanıslı ekenligin tu’sindiriw bag’darlamanın’ baslı wazıypası bolıp esaplanadı.

Mektepke shekemgi jasındag’ı balalarg’a ta’lim-ta’rbiya beriw jumıslarının’ na’tiyjeli a’melge asırıw ushın bag’darlamanı jaqsı o’zlestirip alıwının’ o’zi jetkilikli emes, sonın’ menen birge, ha’r bir baqsha balasının’ ha’r ta’repleme rawajlandırıw jolların u’yreniw, balanın’ bilimi ha’m ko’nlikpelerin o’zlestirip alıw qa’biletinin’ ha’r qıylıg’ın da itibarg’a alıw kerek.

Ta’rbiyashı o’zinin’ jumısın jobalastırıwda ha’r qıylı metodikalıq qollanbalardan, pedagoglar Ken’esi, metodikalıq birlespe, ha’m t.b. alg’an usınıslardan ken’ paydalanıw za’rur.

Kalendarlıq is jobasın toparda jumıs alıp barıwshı ha’r eki ta’rbiyashı birgelesip, ma’slahatlesip du’ziwi lazım. Balalardın’ islegen jumısların waqtı - waqtı menen baqlap barıwı lazım. Kalendarlıq joba bir-eki ha’ptede du’ziledi ha’m ta’rbiyashının’ ma’jbu’riy hu’jjeti bolıp esaplanadı.

Kalendarlıq jobanı ta’rbiyashı ku’n ta’rtibine baylanıslı du’zip shıg’adı. Balalardın’ oyını, miynettegi ha’reketleri, ha’r qıylı iskerligi ta’rbiyashının’ ha’r ku’ngi kalendarlıq is jobasınan orın alıwı lazım.

Kalendarlıq jobada ta’rbiyashının’ ha’r ku’ni o’tkeriletug’ın balalardın’ baqshadag’ı turmısı ha’m og’an balanın’ sabaqqa jedel qatnasıwı, psixologiyalıq jaqtan rawajlanıwı, reyting da’ptershesi menen baqlap ha’m tekserilip barıladı. Kalendarlıq joba ta’rbiyashı ushın ta’lim-ta’rbiya jumısların durıs ha’m bir bag’ıtta sho’lkemlestiriwine ken’ mu’mkinshilik beredi. Kalendarlıq joba bala-baqsha baslıg’ı, metodist ha’m psixolog ta’repinen tastıyıqlanıp barıladı.

Ta’rbiyashı balalardın’ minez-qulqın qalay u’yreniw kerek.

Ko’p jıllıq ilim-izertlewlerdin’ na’tiyjesinde, ha’r bir ta’rbiyashı, ha’r bir ata-ana psixolog bolıwı za’ru’r dep ko’rsetedi. Pedagogikalıq xızmet ta’rbiyashı menen mug’allimdi eriksiz tu’rde balanın’ psixikasın teren’ u’yretetug’ın, onın’ minez-qulıq sırların biletug’ın etedi, onın’ jeke rawajlanıw sırların, bilip alıw xızmetinin’ o’zgesheliklerin, o’zine ta’n minezin, ja’ma’a’tte balalar menen o’z-ara qarım-qatnas jasaw zan’lılıg’ın o’zinen-o’zi ashadı, degendi an’latadı. A’lbette K.D.Ushinskiydin’ so’zine haqıyqatında tastıyıqlaw emes, al ha’zirgi mug’allimlerge qaratılg’an tilek mu’mkin, ha’tteki talap bar shıg’ar. Qanday na’rse mug’alimdi psixolog etedi, yag’nıy balalıq pedagogikalıq ha’m sotsiallıq psixologiya tarawında onı qa’niyge etedi?

A’lbette, organikalıq jaqtan tek izertlewlerdin’ juwmag’ı g’ana kirip qoymastan al onın’ ja’redemi na’tiyjesinde alıng’an metodlarına kiretug’ın psixologiyalıq ilimnin’ tiykarların ha’m ha’zirgi jag’dayların biliw kerek. Solay etip, altı jastag’ı balalar menen jumıs islewde psixologiyalıq bilimlerge su’yeniw ushın, bul bilimlerdi u’yreniw kerek, balalardın’ psixologiyası tuwralı ilimiy faktlardı o’z betinshe izlew kerek. Biz bunnan bılay balalardı u’yreniw metodları haqqında, ilimiy faktlardı alıwdın’ jolları, quralları ha’m usılları tuwralı so’z etemiz.

Qaysı ilimnin’ bolmasın, sonın’ ishinde balalar psixologiyası iliminin’ de rawajlanıwı izertlew metodların islep shıg’ıw da’rejesine, yag’nıy ilimiy faktlardı toplaw quralları ha’m jollarınan g’a’rezli boladı.

En’ da’slep bul balanın’ jeke o’zgesheliklerin, onın’ psixikasının’ anaw yamasa mınaw ta’replerindegi ayırmashılıqlardı ko’rsetetug’ın, balanın’ minez-qulqı belgili bir akt. Balalardın’ birlesip, islegen xızmeti tuwralı aktlar, ulıwma keyip bildiriwler, balalardın’ o’z-ara qatnas jasaw aktları psixologiyalıq fakt sıpatında qollanılıw mu’mkin.

Psixologiyalıq izertlewlerdin’ barlıq metodlarının’ ulıwma maqseti-psixologiyalıq faktlardı durıs anıqlaw, dizimge alıw, oqıwdan, son’ınan analizlew ha’m praktikada qollanıw ushın ta’jiriybede baqlaw na’tiyjesinde alıng’an mag’lıwmatlardı jıynawdan ibarat. Solay etip, faktler tek psixologlardı yamasa pedagoglardı o’zliginen qızıqtırıp qoymastan, bul belgili bir psixologiyalıq zan’lıqtı da bildiredi. Ziyrek ata-analar ha’m ta’jiriybeli pedagoglar balalardın’ o’mirin o’z ishine alatug’ın u’lken konkret faktler psixologiyası tarawında ilimiy xızmetker da’rejesine ko’tere almaydı. Ha’tteki, analardın’, ta’rbiyashılardın’ ha’m mug’allimlerdin’ ja’riyalang’an ku’ndeliklerinin’ mazmunın quraytug’ın, birqansha sistemalastırılg’an ku’ndelikli jazıwlarda, balalar psixologiyası tuwralı ilimiy shıg’arma sıpatında paydalanılmaydı, al aldag’ı waqıttag’ı ilimiy analiz ushın (geyde ku’ta’ qunlı) material sıpatında xızmet atqaradı.

Balalar psixologiyası ushın konkret izertlewler na’tiyjesinde alıng’an faktlardı ilimiy jaqtan tu’siniwge mu’mkinshilik beretug’ın ulıwma tiykar-marksistlik filosofiya bolıp esaplanadı. Balalanın’ psixologiyalıqrawajlanıw zan’larına sa’ykes dialektikalıq ha’m tariyxıy materializmnin’ tiykarg’ı rejelerin konkretlestiriw balalar psixologiyasının’ metodologiyası bolıp esaplanadı.

Pedagogika ha’m psixologiya iliminin’ usıldı, ulıwma ilimiy printsipleri balanın’ psixologiyalıq jaqtan rawajlanıw nızamlılıqların u’yreniw wazıypalarına sonday da’rejege deyin anıqlıq ha’m u’nleslik jaqtan sa’ykes keledi, ol ha’tteki tek balalar psixologiyası tarawın izertlewshiler ushın du’zilgendey bolıp

ko’rinedi. Qalay bolg’anda jan’a tuwılg’an ha’lsiz tiri jandı, tvorchestvolıq jaqtan aktiv adamg’a aylandırıw ku’ta’ u’lken a’hmiyetke iye ekenligin ko’rsetetug’ın dialektika zan’larının’ tolıq iske asıwına erisiwdi tabıw, bizin’ oyımızsha, og’ada qıyın.

Psixologiyalıq izertlewler metodologiyası ulıwma rawajlanıw metodologiyasının’ ulıwma printsipleri tiykarında du’ziledi. Solay etip, qubılıslardı u’yreniwdin’ obektivlik talapları sana menen xızmettin’ birligi metodologiyası printsipi tiykarında iske asadı, usıg’an sa’ykes balanın’ psixikası xızmet etiwdin’ tu’rinin’ ekinshi tu’rge almasıw zan’lılıg’ın qa’liplestiredi ha’m payda etedi. Bunday jag’dayda mına fakttı ko’rsetiw a’hmiyetli: balanın’ ishki psixikalıq o’mirin onın’ sırtqı ko’rinisine: ha’reketine, so’ylewine, ha’rekettin’ ta’sirligine, balalar tvorchestvosının’ na’tiyjeliligine t.b. qaray bahalaymız.

Balanın’ psixikasın u’yreniwdegi genetikalıq (tariyxıy) usıl printsipleri de, dialektikalıq-materialistlik metodologiyası kelip shıg’adı. Balalar psixologiyası ushın bir printsip sonday da’rejege deyin a’hmiyetli, o’ytkeni bul ilim geyde genetikalıq psixologiya dep te ataladı. Usı printsip tiykarında, balalar psixikasındag’ı qublıslardı u’yreniwde, onın’ qalay payda bolg’anın, u’lken jastag’ılar menen bala arasında birge islesiw, jeke xızmet babında ha’m o’z jaslasları menen qarım-qatnastın’ ta’siri na’tiyjesinde ol qalayınsha rawajlanatug’ının ha’m o’zgeretug’ınlıg’ın biliwge umtılamız. Bul printsip izertlewshini konkret ma’deniy-tariyxıy jag’daylardın’ psixikasının’ rawajlanıwına, onın’ jeke basının’ qa’liplesiwine qalay ta’sir etetug’ının analizlewge bag’darlaydı.

Balanın’ minez-qulıqlarının’ rawajlanıwın u’yreniwde dialektikalıq usıldı qollanıw-determinizm (sebepli sha’rtlerdi ha’m barlıq qublıslardı ilimiy tu’siniw) printsip penen anaw yamasa mınaw o’zgerislerdin’ bolıw sebepleri, sırtqı ha’m ishki ta’rtip faktorlarının’ belgili ta’siri na’tiyjesinde psixikalıq rawajlanıwdın’ barlıq ta’replerinin’ o’z-ara baylanısı na’tiyjesinde talap etiledi ha’m iske asırıladı.

## I.2 Qaraqalpaq awız eki xalıq do'retpesi ha'm onı izertlew tariyxınan

Qaraqalpaq xalqının' a'sirler boyı ruwxıy azıg'ı bolg'an, xalıq o'mirinin' aynası bolg'an tu'wsilmes so'z g'aznası-bay awız a'debiyatına iye. Awız a'debiyatı tu'rli janrlardı o'z ishine aladı, olar-xalıq ertekleri menen naqıl-maqalları, batırlıq da'stanlar ja'ne de tolıp atırg'an xalıq qosıqları boladı.

Qaraqalpaq folklorının' a'debiyat tanıw iliminde so'z bolıwı ko'p jıllıq da'wirdi o'z ishine aladı. Awız a'debiyatın izertlew isi Qaraqalpaqstanda qızg'ın qolg'a alınıp, ma'mleketlik jumıs bolıp qoyıldı. Awız a'debiyatının' tu'rli u'lgileri xalıq jırshılarınan jazıp alınıp, o'z waqtında baspa so'zde ja'riyalandı, awız a'debiyatı oqıw orınlarında sabaq bolıp oqıldı. İlim izertlew isleri aparıldı. Qaraqalpaq awız a'debiyatı boyınsha ko'p g'ana monografiyalar jazıldı.

Qaraqalpaq xalqı tu'rli tariyxıy sebepler menen o'zinin' jaylawı menen qıslawın taslap, bir orınnan ekinshi orıng'a neshe ma'rtebe ko'ship, watannan, jerden, suwdan, ku'n-ko'risten ayrılsa da, olar o'zinin' ruwxıy azıg'ı bolg'an, jılag'anda jubatatug'ın, tarıqqanda tolg'anatug'ın, qapalansa kewil ko'terip quwanatug'ın awız eki xalıq a'debiyatın aytıp-jırlap, o'zi menen birge ala ju'rgen.

Qaraqalpaq xalqı materiallıq ku'n ko'ris, ma'deniyat tariyxında ko'p xalıqlar menen qarım-qatnas arqalı bir-birinen u'yrenedi, mine usınday doslıq,

birlik arqalı ma’deniyatı menen a’debiyatı ko’rkeyip bayıp otıradı. Ha’r xalıq u’yrengen u’lgisine o’z xalqının’ traditsiyasına qosıp onı bayıtqan. Mine usınday jollar menen qaraqalpaq awız a’debiyatının’ tu’rli janrları o’sip o’ngen. Orta Aziya xalıqlarının’ qarım qatnası uzaq jıllardı o’z ishine aladı.

«Orta Aziya xalıqlarının’ barlıg’ının’ doslıq tamırı uzaq jıllardan beri dawam etip kelgen. Ha’zirgi Ta’jikstan, Tu’rkmenstan, Qazaqstan, Qırg’ızstan, Qaraqalpaqstan menen O’zbekstannın’ ma’kanında shet el basqınshılarına birlikte soqqı berip otırg’an... Olar batırlar da’stanın ha’m qıyalıy ertekler do’retken».

Awız eki xalıq do’retpelerin ha’m a’debiyatın ko’p izertlegen ataqlı ilimpaz Q.Ayımbetov,V.M. Jirmunskiy tu’rk tilles qa’wimlerdin’ o’z-ara aralasıw na’tiyjesinde xalıqlardın’ payda bolıwı tuwralı`

«Orta Aziyadag’ı tu’rk tilles xalıqlar o’zbekler, qazaqlar, qaraqalpaqlar, tu’rkmenler til birligi boyınsha ko’p zamanlardan beri qarım-katnas, etnikalıq ma’deniyat qatnasıg’ı o’zinin’ tariyxıy o’mir jag’dag’ı boyınsha ko’p zamanlardan beri bir-biri menen qatnasıp otırg’an, tu’rk tilles ko’shpeli qa’wimler Orta Aziya dalalarında tu’rli da’wir boyınsha tarap kelgen, xalıqlardın’ payda bolıw, birigiw protsessi o’z-ara aralsıp kelgen»,--dep jazadı.

Qaraqalpaqlardın’ jırshılıq o’neri tuwralı qazaq xalqının’ ataqlı ilimpazı Choxan Valixanov o’zinin’ «Qazaq xalıq poeziyasının’ formaları haqqında» degen miynetlerinde qaraqalpaqlar tuwralı legendanı mınaday dep ja’riyalag’an.

«Qosıq du’nyanı sayaxatlap ju’rip, bir ku’ni Sırda’ryanın’ arg’ı boyındag’ı qaraqalpaqlardın’ jazlawında qonaq boladı. Burın ko’z ko’rip, qulaq esitpegen bul qonaqtın’ kelgeni haqqındag’ı xabar ja’n-jaqqa oqtay ushıp taraydı. Bul baxıtlı awılg’a sansız ko’p qaraqalpaq jıynaldı. Olar keshki gewgim tu’ser tu’spesten-aq baslap, tan’ sarg’ayıp atqansha, qosıq aytıp, sharshap uyqıg’a jatqansha, bul a’jayıp qonaqtı tın’lap otırg’an. Xosh hawaz qonag’ının’ aytıp bergen mın’-mın’lag’an gu’rrin’lerin, qosıqların, qıssaların ha’m tariyxıy ha’dislerin sansız qaraqalpaqlar yadında saqlaydı».

Qaraqalpaq xalıq shayırları-qaraqalpaq awız eki a’debiyatı menen jazba a’debiyatın baylanıstırıwshı ko’rkem so’z sheberleri, qaraqalpaq jazıw a’debiyatının’ baslanıwı qon’sı xalıqlardan yag’nıy o’zbek, ta’jik xalıqlarınan ayırması bar. O’zbek, ta’jik xalqının’ jazba a’debiyatı o’zinin’ eski klassikalıq a’debiyatı tiykarında o’sip o’ngen bolsa, al qaraqalpaq jazba a’debiyatı o’zinin’ awız a’debiyatı  tiykarında o’sip-o’ndi. Qtkendegi qaraqalpaq a’debiyat klassikleri Jiyen jıraw, Berdaq baqsı, Qtesh shayır bolıp atalıwı, al ja’ne ha’zirgi xalıq shayırlarının’ o’zinin’ shıg’armaların dawısqa salıp aytıwı bug’an bar da’lil bola aladı. Bul jo’ninde Orta Aziya a’debiyatın izertlewshi M.İ. Bogdanova bılay dep jazadı`

«Qay bir a’debiyat, mısalı o’zbek yaki ta’jik a’debiyatı, onı milliy traditsiyasında jazba a’debiyatının’ ıg’balında XIX ha’m XX a’sirdin’ baslarındag’ı demokrat a’debiyattın’ ta’sirinde o’sken bolsa, al basqa bir a’debiyatı, onın’ a’debiyat bolıp qa’liplesiwinde, onın’ baslang’ısh da’wiri awız a’debiyatı traditsiyası ha’m aqınlıq traditsiyasının’ ta’jriybesinen g’ana baslana aladı». Bul jag’daydı xalıq shayırlarının’ shıg’armalarınan anıq ko’riwge boladı. Olar o’tkendegi xalıq shayırlarının’ u’lgisi menen qosıq jazıwı menen qatar, o’z shıg’armaların ha’zirgi ku’nde de xalıq jırshıları sıpatında dawısqa salıp oqıp beredi. Bunday ko’rkem so’zdi dawısqa, namag’a salıp oqıw, aytıw, jırlaw tek xalıq jırshılarına g’ana ta’n. Xalıq shayırlarının’ o’z shıg’armaların dawısqa salıp oqıwı olardın’ xalıq jırshıları ekeninin’ bir da’liyli. Awız a’debiyatı awızeki de, xat arqalı da jazılıp shıg’arılıwı mu’mkin.

Xalıq jırshıları awız a’debiyatın jırlap aytqanda o’z zamanının’ saxna o’neri, muzıka o’neri menen jırshılıq o’nerin xalıq jırshılarının’ bir o’zi g’ana atqaradı, ol o’nerge o’ner qosıp, awız eki xalıq a’debiyatının’ tu’rli janrları payda boladı.

Awız eki xalıq a’debiyatı burın baspa so’z arqalı emes, jırshılar, qıssaxanlar arqalı taraydı. Bunı jetildirip otırıwshı xalıq jırshıları awız a’debiyattın’ qosıq qurılısı da, ko’binshe qosıq qurılısının’ metrika (o’lshew) jolı menen aytılıwında da jazıw a’debiyatınan ayırması ko’rinip otıradı. Qaraqalpaq jazba

a’debiyatının’ qosıq qurılısı ko’binese sillobika (buwın) qosıq qurılısına iye bolıp keledi. Ertedegi qosıq qurılısının’ da’stu’rin saqlaw jaqlarında da, awız eki a’debiyattan ayırmashılıg’ı ko’rinip otıradı.

## I.3. Balalar baqshasında qollanılatug’ın ertekler ha’m olardın’ mazmunının’ a’hmiyetliligi

Qaraqalpaq erteklerinde qıyalıy erteklerden go’re turmısqa baylanıslı ekrtekler ko’birek ushırasadı. Qaraqalpaq xalıq ertekleri ta’lim-ta’rbiyalıq xarakterge og’ada bay bolıp, ayrıqsha bala o’mirinde o’zinin’ ta’sirliligi menen ayrıqsha qollanılıp barıladı. Olar mazmunı boyınsha bir neshshe tu’rlerge bo’linip, ha’zirgi ku’nde de balalar baqshasının’ sabaq protsessinde ken’ tu’rde qollanıladı. Olardan mısallar keltirip o’teyik:

Sıyqırlı ertekler. Sıyqırlı ertekler yaki bolmasa ka’ramatlı ertekler dep atalıwına sebep onda qıyalıy zatlar, qıyalıy jag’daylar ha’m qıyalıy xarakterde boladı. Erteklerdin’ bul tu’rleri a’yyemgi zaman ertegi boladı, bunda en’ qorqınıshlı na’rseler qatnasadı. Boyı bir qarıs, saqalı qırq qarıs, jalg’ız ko’zli da’w, ei baslı aydarha, jalmawız kempir, adamlar bunın’ aldında ha’lsiz, kem-kemnen adamlar hiyleker bolıp, qorqınıshlı zatlar izinde ahmaq, aqılsız bolıp, adamlar aqılı arqalı qorqınıshlı jawdı joq etedi. Sıyqırlı erteklerde a’dette qaharman a’ziz bolsa da son’ında sıyqırlı zatlar arqalı suymurıq qus, yaki qanatlı tulpar arqalı murat-maqsetine jetedi.

Haywanatlar haqqındag’ı ertekler. Haywanlar haqqındag’ı ertekler qıyalıy erteklerge jaqın turadı, qaybir ta’repten sıyqırlı erteklerge de jaqınlasadı.

Haywanlar haqqındag'ı ertekler en' a'yyemgi zaman ertegine kiredi. Bul erteklerdin' do'rewi alg'ashqı zaman da'wiri menen baylanısta boladı, bunda da haywanlar adamlarg'a en' qorqınıshlı zat boladı, onda haywanlar adamlarg'a qarag'anda quwatlı bolg'an bolıp ko'rsetiledi. Adamlar onın' menen gu'resiwge a'ziz kelgen. Qaybir xalıqlardın' haywanlardı quday dep tabınıwları kelip shıqqan.

Kem-kemnen sıyqırlı ertekler sıyaqlı haywanlar tuwralı ertekler o'zinin' tu'rin o'zgertedi, adamlar haywanlardı jen'edi, onı biyleydi, bul adamlardın' ta'biyattı biylep, ta'biya u'stinen hu'kim su'rgen basqıshına-da'wirine kiredi. Adamlar, haywanlar adamlarg'a xızmet qıldırıwdı a'rman qılıp, oyg'a toqıp ertek qıladı, haywanlar adamlarday  so'ylese eken dep erteklerde haywanlarg'a til pitedi, adamlar haywanlardın' piri bar~ Tu'wenin' piri-?aysıl qara, jılqının' piri-Jılqıshı ata, Qaramaldın' piri-Za'n'gi baba, Qoydın' piri-Shopan ata sog'an usag'an tu'rli ka'sip adamlarının' piri bar dep tu'singen. Ag'ash ustasının' piri-La'yla'j baba, temirshinin' piri- Ha'zireti Dawıt t. b. Adamlar haywanlardı qıyal arqalı o'zine bag'ındırsa, son'ınan haywanlar adamlarg'a xızmet qılıp, adam miynetin jen'illetip, adamlardın' isi rawaj boladı.

Son'g'ı zamanlarda haywanlar tuwralı erteklerdin' tek haywan atları g'ana qalg'an, tek adamlarg'a mısal qılıp g'ana so'ylenedi.

Erteklerde ha'r haywannın', adamlardın' ha'reketine jupker keletug'ın xarakteri boladı. A'dette tu'lki-sum, qoyan qorqaq, qasqır-adır, Jeolbarıs-batır, biraq so'zge ergish an'qaw, tu'we sada, eshek hayyar, sum qılıp ko'rsetiledi.

Turmısqa baylanıslı ertekler. Turmısqa baylanıslı, reallıq erteklerde ertektin' qıyalıy tu'rleri ku'ta' az qatnasadı. Bunın' ishinde ka'ramatlı zat, qorqınıshlı, so'yleytug'ın haywanlar, da'w menen ma'stan kempirler bolmaydı. Bul zatlar, turmısta bolatug'ın waqıyalar, real adamlar tuwralı so'ylenedi. Qoy bag'ıp ju'rgen taz bala patshanın' ornına patsha boladı, molla sum bolaman dep, keyninen azmaq boladı, qazı durıs, a'dil to'relik bere almay so'zden jen'ilip, o'zi ba'lege giriptar boladı. Jarlı adam o'zinin' danalıq tapqırlıg'ı arqalı baydı jen'edi.

Qaraqalpaq xalıq erteklerinin’ ishinde turmısqa baylanıslı ertekler ku’ta’ ko’p, qıyın jumbaqtı sheshetug’ın aqıllı qız, aqıllı ana, aqıllı hayallar tuwralı, qaybir adamlardın’ aqıllı ha’m aqılsız ulları tuwralı, u’yleniw tuwralı, neke tuwralı ha’m u’y turmısları tuwralı tolıp atırg’an tu’rleri bar.

Turmısqa baylanıslı erteklerdin’ bir gruppasın satiralıq (ku’ldirgi qızıq) ertekler deydi. Ertektin’ bul tu’rin miynetkesh xalıq do’retken, bul ertektegi dushpan klasslardı miynetkesh xalıq o’zinin’ klasslıq dushpanı dep biledi. Onnan qorqpaydı, onı a’shkaralap ku’ledi, iyshannın’, mollanın’, qazının’ axmaqlıg’ın, baydın’ su’txorlıg’ın ko’rsetedi. Olar miynetkeshler bolmasa, qolınan hesh na’rse kelmeydi dep, olarg’a ku’ledi, bul erteklerdin’ barlıq satirası u’stem klassqa qarsı qoyılg’an` ertektin’ na’tiyjesinde miynetkesh xalıq jen’ip shıg’adı. :stem klassqa o’zinin’ danalıq satirası-qızıq hiylesi menen da’kki beredi.

Folklordın’ ertek tu’rin balalar ushın ken’ tu’rde paydalanıwg’a boladı. Ertekti balalar jaqsı ko’redi, jaqsı tın’laydı, bul tan’ qalarlıq na’rse emes.

Erteklerde adamlardın’ miynet etiw islerin, onın’ uqıplılıg’ın bekkemleydi, balalardın’ oy-o’risin ken’eytedi.

Pu’tkil du’nya a’debiyatında ullı klassik jazıwshılar-a’debiyatshılar xalıq erteklerine u’lken kewil qoyg’an, onın’ obraz, syujetlerinen u’yrengen, olardı islep shıqqan. Og’an mısallar ko’p.

Ertektin’ tili bay til, xalıq tili, onda tawıp aytılg’ant sulıw so’zler bar. Ol jay xalıq tili menen tın’lawshıg’a oydı qısqa qatar, sheber til menen tu’sindiredi.

Qaraqalpaq xalqı erteklerge og’ada bay. Onın’ ma’deniyatımız benen a’debiyatımızdın’ o’siwine u’lken ta’sir bar. Erteklerde adam obrazları ku’ta’ jaqsı islengen boladı. Mısalı, erteklerdegi unamsız ma’stan kempirlerdin’ obrazı sheberlik penen beriledi`

Mısalı`

Toppısı tozg’an,
Arqası qozg’an,
Eki dizesi ha’m qulag’ınan ozg’an,

Jetipisten artıq jasag'an,
Say su'yegi qawsag'an,
Ko'zi ma'shtey,
Shan'dırdı tastay...

Degen qatarlar menen ma'stan kempirdi jerkenishli qılıp ko'rsetedi.

Al erteklerdegi miynet adamlarının' dushpanı-da'wlerdin' qorqınıshlı sıpatı-obrazı mınaday qatarlar menen beriledi`

Ko'zleri bar uraday,
Qulaqları qalqanday
Qolları bar jabaday,
Ayaqları jabaday,
Murınları jup to'n'gelek qazanday,
Ta'n'irden kelgen ba'ledey...

dep adamlar o'zinin' jawın qorqınıshlı qılıp ko'rsetedi. Al miynetkesh xalıq o'zinin' qaharmanına usınday qorqınıshlı jawdı jen'diredi.

Ertek aytıwshı professional adamlar o'zinen do'geregine ertek aytıwshı sha'kirtler jıynag'an. Ertek aytıwshının' o'zi tu'rli o'ner ka'sip adamları, ol qılg'an ka'sip o'nerleri tuwralı ertekler so'ylep, islep atırıp miynetin jen'illetken, onın' qılg'an islengen qol o'nerinin' jaqsı bolıp shıg'ıwına, onın' jalıqbawına so'ylegen ertegi ja'rdem qılg'an. Xalıq legendalarda Jiyrenshe sheshen jol ju'rip kiyatırıp, o'zinin' joldasına, «joldı qısqartayıq» depti,-deydi. Yag'nıy jol ju'rip kiyatırıp ertek aytısayıq demekshi bolg'an eken, deydi.

Orta Aziyada jasag'an xalıqlardın' erteklerinin' tariyxıy tamırı uzaq jıllardı ishine aladı. Qaraqalpaqstan territoriyasının' arxeologiya tariyxın ko'p izertlegen professor S.P. Tolstov, Orta Aziya tariyxının' en' u'lken ilimpazı Akademik V.V. Bartoldtın' pikirlerine su'yene otırıp bılay dep jazadı` X a'sirde İrannın' ullı shayırı Firdawsiy ta'repinen jaratılg'an «Shahnama» da'stanının' tariyxıy tamırı ju'da' eski zamanlarg'a barıp taqaladı, ha'm ol da'stanlar en' a'wel Orta Aziya territoriyasında payda bolg'an. Bul Orta Aziyanın' en' burıng'ı tariyxın do'retiw ushın tiykar bolatug'ın estelik sıpatında Firdawsiy

«Shahnamasın» kritikalıq jol menen izertlep, onnan da paydalanıwg'a mu'mkinshilik beredi».

Abu Rayxan Beruniy (XI a'sir) o'zinin' «Hindistan» shıg'armasında xalıq arasında ken' taralg'an «soqır menen shal» ertegin keltirip, doslıq arqalı o'lim apatınan qutılg'anı tuwralı ertek qıladı.

Qaraqalpaq erteginin' baslanıwı ha'm onın' tamam bolıwı belgili bir u'lgige iye bolıp otıradı, onın' syujeti ha'm kompazitsiyası (waqıyanın' bir-biri menen ishki baylanısı), so'z sheberligi arqalı du'zilgen obrazlı so'zler sheber bolıp keledi. Erteklerdegi so'z baylıg'ı sheberlik penen o'z ornında keltirilip otıradı. Erteklerde hayal-qızlardın' obrazı onın' sulıw kelbetleri ku'ta' maqtalınıp beriledi. Hayal menen qızlar aspandag'ı ay-juldızlarg'a, ten'geriledi. «Ay dese awzı bar, ku'n dese ko'zi bar, suw ishse tamag'ınan ko'rinedi» dep beriledi. Al ta'biyat ko'rinis peyzajları «Gu'ller ashılg'an, bu'bu'ller sayrag'an» bolıp su'wretlenip otıradı. Ertekler de balag'a o'mirdi biliw, qıyınshılıqtı jen'iwge u'yretedi, sınaydı. Batır jolg'a shıqqanda onın' aldınan u'sh ta'repke ketken jol shıg'adı. Birinshi jol bar, barg'an kisi keledi, al ekinshi jol barsa, keler-kelmesi gu'man, al u'shinshi jol barg'an kisi qaytıp kelmeydi eken deydi, al bolajaq batır barsa kelmes jolg'a sapar shegip, tu'rli jawların jen'ip eline qaytadı. Erteklerde batır bolsan' qıyınshılıqtı jen' dep u'yretedi.

A'kesi balasına «qoydı bazarg'a aparıp, pulın a'kel. Satbay o'zin a'kel»-dese, balası qoydı bazarg'a aydap a'kele bergen eken. Og'an aqıllı qız aqılın u'yretedi, sen a'ken'nin' so'zine tu'sinbeysen', qoylarınʼnın' ju'nin qırqıp satıp pulın a'kel degen aqıl u'yretedi,-delinedi. Xalıq ertekleri adamzat tariyxında, onın' ma'deniyat tariyxında tutqan roli og'ada u'lken, al ku'n ko'riwdin' ruwxıy azıg'ı sıpatında adamlarg'a ja'rdem qılg'an. Eger adamlar ta'biyat penen gu'resip, o'zinin' ta'jriybesin oyg'a toqıp, ta'jriybe qılmag'anda ha'zirgi ma'deniyat bolmas edi. Adamlar miynetin jen'illetip, qıyal arqalı g'ana a'rmanın iske asırg'an, o'z dushpanların jen'iwi adamlardın' oylag'an qıyalı, ta'jriybe arqalı iske astı. Eger adamlar burın aspang'a ushıwdı, otsız tamaq pisiriwdi, uzaqtı ko'riwdi, ta'biyattın' sırın bilip, ta'biyattı o'z ma'pine

jumsawda qıyalg'a toqımag'anda, onda bu'gingi ma'deniyat basqıshına jetpegen bolar edi.

## II BAP. Balalardın' psixologiyalıq jaqtan rawajlanıwında erteklerdin' a'hmiyeti

### II.1 Mektepke shekemgi jastag'ı balalardın' psixologiyalıq xarakteristikası

Bala psixikasının' rawajlanıwı ju'da' quramalı ha'm qarama-qarsılıqlarg'a iye bolg'an protsess bolıp, ha'r qanday basqa rawajlanıwdag'ı sıyaqlı, bunda da mug'dar o'zgerisleri sapa o'zgerislerine alıp keledi. Mısalı: balada so'z baylıg'ının a'ste aqırın artıp barıwı, tildin' grammatikalıq kurılısın iyelewge ayrım is ha'reketler ha'm ju'ris turıslardın' ko'p ma'rtebe ta'kirarlanıwı bolsa shaxsta anıq ko'nlikpe a'det sıyaqlılardın' jetilisiwi menen juwmaqlanadı.

Psixikalıq rawajlanıwdın' anıq basqıshın balanın' jas o'zgesheliklerine qarap belgilew mu'mkin. Ja'miyetlik tariyxıy sharayatlar, turmıs ha'm ta'rbiyanın' sharayatları, sonday-aq balanın bazı anatomiyalıq ha'm fiziologiyalıq o'zgeshelikleri jas basqıshlarının' belgilep beredi.

Mektepke shekemgi ta'rbiya jası balanın' o'mirinin' 3 jasınan 7 jasqa shekemgi bolg'an da'wiri kiredi. Bul da'wirde bala shaxsının ha'r ta'repleme jetilisiw protsessinde, balanın' do'gerek a'tirapqa degen qızıg'ıwshılıg'ının' artıp atırg'an waqıtları boladı. Bir qatar psixologlardın' anıqlawına qarag'anda balanın' psixikasının' rawajlanıwında tiykarg'ı ishki ha'reketlendiriwshi kushler bolıp to'mendegiler esaplanadı.

a) burın erisilgen mu’mkinshilikler menen jan’a za’ru’rlikler ortasındag’ı baylanıslar.

b) go’ne taza minez qulıq ortasındagı baylanıslar.

v) haqıyqıy turmıstın’ mazmunı ha’m onın bala sanasında payda etiw tu’rleri ortasındag’ı baylanıslar.

Ta’rbiyanın’ balanın’ psixikasın rawajlandırıw ushın ta’rbiyashılar (ata-analar, pedagoglar) ta’rbiyanın’ maqsetin anıq tu’siniwleri, psixikanın’ rawajlanıw nızamlıqların balanın’ jas ha’m jeke o’zgesheliklerin esapqa alıw-ları, bala xızmetin maqsetke muwapıq tu’rde sho’lkemlestiriwleri ha’m bag’-darlawları za’ru’r.

Balalardın’ turmısında ushırasatugın tu’rli qıyınshılıqlar, qarama-qarsılıqlar ha’m kelispewshilikler balanı psixologiyalıq ta’repten rawajlandırıp ha’m qa’liplesip barıyaına sebep boladı.

Balanın’ psixologiyalıq rawajlanıwı qanday qaliplesiwine qaramay, ol belgili nıxamlıqlarg’a boysınadı. Biraq ortalıq ta’sirine qaray bul nızamlıqlar o’zgerip otıradı. Sebebi bul nızamlıqlardın’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri turmıs sharayatına, xızmet tu’rlerine ha’m ta’rbiyag’a baylanıslı boladı.

Psixologiyalıq rawajlanıw nızamlıqlarına:

1. Tegisemeslik nızamı.
2. Psixika integratsiyası nızamı.
3. Plastiklik ha’m kompensatsiya nızamı kiredi.

1. Psixologiyalıq rawajlanıwdın’ tegisemesligi sonnan ibarat, ol ha’r qanday sharayatta, ha’tteki ta’lim ta’rbiyanın’ en’ qolaylı sha’rayatlarında da birdey na’tiyje bermeydi. Balalarg’a bir tu’rdegi ta’rbiya berilsede balalar onı tu’rlishe qabıl qıladı. Sebebi olardın’ o’zine ta’n individual o’zgeshelikleri boladı, nerv sistemasının’ o’zgeshelikleri tipleri tu’rlishe bolg’anlıg’ınan ta’rbiyalıq ta’sirler tu’rlishe bolıp, psixologiyalıq rawajlanıw birese tezlesip, birese a’ste-aqırınlıq penen o’tedi. Sol sebepli psixologiyalıq rawajlanıw tegis emes rawajlanıwı mu’mkin.

2. İntegratsiya nızamı – insan psixikası o’zinin’ rawajlanıwı dawamında ko’birek birlik, g’a’rezsiz ha’m turaqlılıq o’zgesheliklerinin’ qa’liplesiwinen ibarat boladı. Bunda erte da’wirde payda bolg’an psixologiyalıq o’zgeshelikler rawajlanıw da’wirinde bara-bara balanın’ tiykarg’ı o’zgesheliklerine, yaki xarakterine aylanadı. Bul nızımg’a qaray psixologiyalıq rawajlanıw a’ste-aqırın o’sip, shaxs o’zgesheligine aylanıwdan ibarat.

3. Plastiklik ha’m kompensatsiya imkaniyatı nızamı. Bul nızam nerv sistemasının’ plastiklik o’zgeshelikleri menenbaylanıslı. Bala sotsiallıq qarım-qatnaslarg’a kirser eken, ol a’lbette bul a’detlerdi o’zinde o’zlestiredi, analiz qıladı. Na’tijede ol aqlıy ta’repten qa’liplesip baradı. Ta’lim–ta’rbiya sharayatında balanı maqtap, onın’ ın’g’ayına qaray qarım-qatnasta bolıw imkaniyatıda usı nerv sistemasının’ plastikligine tiykarlanadı. Ta’rbiyashı ha’m ata-nalardın’ balag’a ta’lim–ta’rbiya beriw protsessinde psixologiyalıq rawajlanıw nızamlıqlarına a’mel qılıwları maqsetke muwapıq boladı.

*Psixologiyalıq rawajlanıw ha’m ta’lim.*

Rawajlanıw balanın’ sotsiallıq ta’jriybelerdi u’yreniw ha’m o’zlestiriw protsessi bolıp tabıladı. Ja’miyetlik rawajlanıw balalarg’a ta’lim –ta’rbiya ha’m o’zara qarım-qatnas arqalı ta’sir etedi.

Balalardın’ psixologiyalıq jaqtan rawajlanıwında ta’lim ha’m ta’rbiya qa’liplestiriwshi rol oynaydı, degan ideya XIX a’sirdin’ ortalarında ju’zege kelgen. Balanın’ rawajlanıwı menen ta’lim- ta’rbiyanın’ o’zara qarım-qatnası haqqındag’ı ma’seleni sheshiwshi 3 tu’rli bag’dardag’ı hızmet ko’rsetedi.

Birinshi tu’rdegi bag’dar ta’repdarları ja’miyetlik ta’lim-ta’rbiya menen psixologiyalıq rawajlanıw ortasında hesh qanday qarım-qatnas joq degen.

Ekinshi tu’rdegi bag’dar ta’repdarları psixologiyalıq rawajlanıw menen ta’lim- ta’rbiya ortasında hesh qanday praıq joq dep ko’rsetedi.

U’shinshi tu’rdegi bag’dar ta’repdarları psixologiyalıq rawajlanıw menen ta’lim-ta’rbiya basqa-basqa protsess bolsa da bir–birine mas

keletugın, yag'nıy bir-birine ta'sir ko'rsetetug'ın protsess ekenligin tu'sindiriwge urındı. Bul teoriya ta'repdarları balanın' psixologiyalıq rawajlanıwında ta'rbiya ha'm aktiv iskerliktin' rolin an'lamadı.

Mektepke shekemgi jastag'ı balalardın' ha'r ta'repleme rawajlanıwında balanın' o'z qatarı ha'm u'lkenler menen qarım-qatnası da u'lken rol oynaydı.

Qarım qatnas degende o'z-ara qatnaslardın' rawajlanıwı ju'zege asatug'ın infarmatsion emotsional ha'm predmetli o'z-ara ta'sir etiwshi ko'rinisti tu'sinemiz. Balanın' rawajlanıwında so'ylesiwdin' roli u'lken. So'ylesiw protsessinde anıq belgili jeke qatnasıqlar payda boladı. Balada qanday jeke o'zine ta'n qa'siyetlerinin' payda bolıwı ko'p ta'repleme onın' o'zinın' aynalasındag'ı balalar menen o'z-ara qatnasındag'ı ha'rakterine baylanıslı. Balalardın' u'lkenlerge qatnasıg'ı isenimli yaki isenimsiz, jag'ımlı yamasa jag'ımsız ha'm tag'ı basqa bolıwı mu'mkin.

Xosh, balardın' u'lkenlerge bolg'an qatnası ne menen belgilenedi? Bul qatnas tiykarına ne jatadı? Bunday ma'seleler ha'zirshe kem izertlengen. Balalarda u'lkenlerge (ata-analarg'a) bolg'an qatnasında ananın' u'lken roli bar. Sebebi ana balanı du'nyag'a keltiredi, o'zinin' ko'p waqtın balasına arnaydı sebebi ana balanın' «za'ru'rligin» qandıradı.

M.L.Lisinanın' ko'rsetiwi boyınsha balanın' da'stlepki jeti-jılı dawamında balalar ha'm u'lkenler ortasındag'ı qarım-qatnastın' bir neshe tu'rleri izbe-iz payda boladı ha'mde bir-birinin' ornın' almastıradı. Qarım qatnas tu'rlerinin' tiykarg'ıları to'mendegtler:

Tuwrıdan tuwrı emotsional qatnas, bir is ushın bolg'an qatnas, adam menen baylanıslı bolg'an, ma'seleler boyınsha bolatug'ın qatnas (jeke pikirlesiw). Da'stlep tuwrıdan tuwrı emotsional qatnas payda boladı. Qatnastın' bul tu'ri tiykarında balanın' og'an dıqqat, itibarı ha'mde miyrimli bolıwında ko'rinedi. Keyin ala qatnastag'ı sheberlikti o'z qolına aladı. Jıldın' ekinshi yarımında bala tek g'ana miyirbanlılıqtı emes ba'lqi u'lkenler menen jaqın bolıwg'a bolg'an za'ru'rligi ha'm qiritiledi. U'lkenlerden ja'rdem soraydı.

Oylasıp bala o’zine kerekli bolg’an na’rselerdi tabadı. Biliw qatnasında bala u’lkenler menen do’gerek a’tiraptag’ı waqıyalardı, ko’rinislerdi so’ylesedi, bunda bala o’zi bilgen na’rsesin aytıp beriwi, sorawlar beriwi, u’lkenlerden bir na’rselerdi aytıp beriwin o’tinish etidi. Bul tu’rdegi qatnastan maqset, u’lkenlerden o’zine kerek bolg’an xabardı alıw edi. Jeke qatnasta bala u’lkenlerdey adam haqqında so’ylesedi, o’zi haqqında so’ylep beriwin o’tinedi. M.L.Lisinanın’ pikirinshe, usı jeke so’ylesiwler balanın’ sana- seziminin’ rawajlanıwında u’lken orın iyeleydi.

*Baqsha jasındag’ı bala shaxsının’ rawajlanıwında shan’araqtın’ ta’siri.*

Shan’araq balanın’ o’sip rawajlanıwı, sana-seziminin’ rawajlanıwında u’lken rol oynaydı. Shan’araq balanın’ shaxs bolıp jetisiwinde qo’rsetetug’ın ta’siri ju’da kerekli. Balalar g’a’rezsiz o’siwi ushın birinshi gezeqte ata-ananın’ ja’ne basqa u’lken jastag’ı adamlardın’ ko’p xızmeti bar. Balalar olarg’a g’a’rezli boladı, olardın’ ja’rdemine su’yenedi. Ata-ana balanın’ ha’r bir ha’reketin, qızıg’ıwshılıg’ın esapqa alıwı kerek. Balanı shan’araqta ju’da qattıqol qılıp ta’rbiyalaw kerek emes, sebebi ol bala keleshekte qorqaq ba’lqi o’siwi, o’ztnin’ aytatug’ın pikirinde ayta almawı mu’mkin. Balanı erkin o’siriw kerek, biraq erkin o’siriwdin’de shegerası bolıwı kerek, ata-analar balanın’ ha’r bir islegen isin marapatlap kerek jerinde xoshemetlep turıwıda kerek. Balanı ta’rbiyalawda eki usıl bar.1)demaqratiq ha’mde avtoritar. Demakratik tu’rinde balalarg’a ko’p na’rselerge ruxsat beriledi. Bala menen ko’p qatnasta boladı, ata-ana balag’a hu’rmet ha’m isenim bildiriwleri kerek. Balalardın’ bergen sorawlarına juwap beriwi, olardın’ qızıg’ıwların esapqa alıwları kerek. Shan’araqta «avtaritar» sha’rayat balalarg’a ha’mme zatlar shegeralang’an ta’rizde belgilenedi. «Hu’kmron» ata-analar baladag’ı o’zlerine tolıq boysınıwların talap etedi. Bunday shan’araqlarda balalarg’a ta’rtip intizam qag’ıydaların tu’sindiriwde qaratılg’an qatnas qem o’tqiziledi. Sonıda aytıp o’tiw kerek, «avtoritar» ha’m demaqratiq shan’araqta ta’rbiyalanıwshı balalardın’ jeke o’zine ta’n qa’siyetleri ha’m ayırmashılıqları bar. «Demokratik» shan’araqtın’ perzentleri, is beriwshi, baslıq, lider boladı. Shan’araqta awız-

birshilikli, ta’rtipli shan’araqtın’ perzentleri o’z qatarlarının’ arasında qo’terin’qi qayfiyatda ju’redi. Maqtawg’a turarlıq Yu.A.Komenskiydin’ baqsha jasındag’ı balalar gruppasın adamlardın’ ja’miyetlik birliginın’ da’slepki basqıshı, na’lshesi dep esaplaydı. Balalar o’z ten’leslerine umtıladı.Biraq ha’mme balalar menen til tabısıp qete almaydı. Geybir balalar gruppada bir qansha aktiv shaqqan boladı, o’zlerin suwdag’ı balıqlarday sezedi. Ayrım balalar gruppada passiv hesh balalarg’a qosılmay o’zlerin jalg’ız sezedi, o’zlerine isenbeydi, basqalarg’a boysınadı.Nege sonday? Ten’lesleri menen  jaqsı qatnasta bolg’an balalar awız birshilikli, o’zinin’ gruppasındag’ı balalarg’a isenimi artadı. Biraq ten’leslerine qatnası to’men boladı tu’sqinlikqe tu’siw, agressiv bolıp qalıwına alıp keledi. Bunday ballada adamg’a isenbewshilik unamsız adeqvatlı qatnasıqtı payda etedi.Bul balanın’ jalg’ızlanıp qalıwınan derek beredi, eger bala basqa balag’a simpatiya bildirse, qarım qatnası unamlı bolsa bala eki ta’repleme qollap quwatlanadı. Sol ushında balalar bir-biri menen jaqsı qatnasta bolg’anı jaqsı. A’dette ko’p balalar arasında ha’r tu’rli oyınlardı oylap tabatug’ın qewilli, tu’rli su’wretler sızatug’ın, aqıl sanası jaqsı rawajlang’an, shınıg’ıwlarda aktiv qatnasatug’ın, epshil shaqqan balalar u’lken abırayg’a iye bolıp hu’rmetqe ılayıq boladı.

Ko’p balalı shan’araqlarda kishkene na’restege onın’ ata-anlarının’ ta’siri ku’shli boladı. A’jag’a-sin’liler balag’a en’ jaqın bolg’an mikrosha’rayat jaratıp, ondag’ı oraylıq orındı iyeleydi. Arım ko’p balalı shan’araqlarda ata-analarg’a qarag’anda a’jag’a-a’japaları balarg’a ko’birek itibar berip g’amxorlıq qıladı. U’lken a’jag’aları aldında bala o’zin erkin, qorg’an ishinde ju’rgendey ko’rsetedi.A’jag’a-a’japaları aldında bala o’zin emotsianal g’amqorlıqqa ılayıq dep biledi. Ag’a apaları balag’a ha’r ta’repleme g’amxorlıq ko’rsetip onın’ aqıllı, jetiq insan bolıp o’siwine u’lken u’lesin qosadı. Passiv balalardada aktiv shaqqan balalar tu’rli-tu’sli oyınlarg’a shaqırıp olardıda o’zleri sıyaqlı aktivlestiriwi kerek. Ata-analar ba’rhama balalarının’ islegen islerin maqtap, marapatlap turıwı kerek.

## II.2. Mektepke shekemgi jastag'ı balalardın' qıyalın ha'm do'retiwshiligin rawajlandırıwda erteklerdin' ha'r qıylı usıllarda qollanılıwı

Mektepke shekemgi jastag'ı balalardı xalıq do'retpeleri menen tanıstırıw protsessinde a'lbette olardın' jas o'zgesheliklerin itibarg'a alıwımız kerek. Bunın' ushın balalardın' jas da'wirlerine qaray olardın' psixologiyalıq rawajlanıw ozgesheliklerin qarap o'tsek.

Jan'a tuwılg'an na'restelerde oylaw qa'siyeti bolmaydı. Oylaw qa'biletinin' rawajlanıwı ushın balada turmıs ta'jiriybesi, ko'z aldına eleslew qa'bileti ha'mde ko'p bilim kerek boladı. Ta'jriybede ko'rsetiliwinshe adamnın' sırtqı ko'rinisi, zatlardı bir birinen ayırıwı u'lken jastag'ı adamlar menen tıg'ız qatnasta bolıwı na'tiyjesinde artıp baradı.

Balada pikirlew qa'bileti da'slep eki jastan u'sh jasqa o'tkende ko'rine baslaydı. Eki jasar balalarda ko'rinetug'ın da'stlepki pikirlew ma'lim bir maqsetke bag'darlanbag'an yag'nıy ixtıyarsız pikirlew boladı. Balanın' tili shıg'ıwı menen onın' qıyalıda o'zgere baslaydı, a'ste aqırın a'tirapındag'ı zatlardı ko'rip olardı ayırıp biledi. U'lken adamlarg'a qarap olardın' qo'rsetpeleri menen ha'reket ete baslaydı. Bala o'zi tu'sinetug'ın mazmundag'ı ertek ha'm a'n'gimelerdi qızıg'ıp tın'laydı, tın'lap otırıp o'zin sol ertektegi qaharman sıyaqlı ko'redi. Bunday ertekler balanın' sana-sezimin a'ste aqırınlıq penen rawajlanıwına u'lken ta'sirin ko'rsetedi. Bul jerdegi aytılg'an waqıyada balanın' o'zide qatnasıp aqıl oyın rawajlandıradı. Aytılg'an ertekler ha'm gu'rrin'ler bala ushın qızıqlı, jen'il, tu'sinikli bolıwı sha'rt. Balanın' oylaw qa'biletinin' rawajlanıwında, so'ylew qa'biletinin' ornı ayrıqsha. Bala so'ylesiw arqalı ko'p na'rselerdi an'laydı, ayrım so'zlerdi aytıp, qo'ringen zatlardın'

atların atap ayta aladı. Ma’selen 2,5 jasar qız aynadag’ı perdelerdin’ samal menen tebrenip turg’anın’ ko’rip, apa qara ten’izdin’ tolqınlarına qusap ketedi dep aytadı.

Demek, bala oyındag’ı na’rseni ko’rinip turg’an real waqıyag’a uqsatıp, usı eki ko’rinisti bir birinen ajırata aladı. Balalarda seziminde oynaytug’ın oyınshıqlardın’ roli u’lken. Bala u’lkeygen sayın oyın tu’rleride, oyınshıqlarda quramalasıp baradı. Eki jasqa tolar aldında balanın’ oyının’da za’ru’rli o’zgerisler payda boladı. Manipulyatsiya oyınları menen bir qatarda su’wretlew ko’rinistegi oyınlar payda boladı. Bala turmısta ko’rgen na’rsesin miyinde saqlaydı. Ma’selen bala quwırshag’ın qiyintiredi, ha’m onı awqatlandıradı, uyqılatadı, a’tqo’nsheqte ushıradı. Bala u’lkeygen sayın oyınlardın’ mazmunı da o’zgerip baradı. Oyınlar quramalasıp, mazmunı jag’ınanda tu’rli tu’rli boladı. Ma’selen bala anasınan ko’rgenlerin yag’nıy doqtor bolıw, aspaz bolıw, shashta’rez bolıw sıyaqlı oyınlarda oynaydı. Baqshag’a deyingi balalarda su’wretlew qa’bileti rawajlanadı yag’nıy bala qag’azg’a ha’r tu’rli zatlardın’ su’wretin saladı, sızadı. Eki jastag’ı baqshadag’ı bala su’wret sala otırıp onın’ atında ko’rsete alatug’ın qa’bilet payda boladı. Balalardag’ı qa’biletinin’ rawajlanıwında ata-analardın’ xızmeti ayrıqsha. Ata-analar balalarının’ islegen jumısların ko’rip, olardı ha’r dayım qollap quwatlap, marapatlap turıwı kerek. Baqshadag’ı balalarda oylaw qa’bileti birdey bolmaydı. Sebebi kishi jastag’ı bala menen orta ha’m u’lken jastag’ı baqsha balasının’ sana-seziminde o’zgeris boladı. Balalar baqshasında oyınlardın’ tu’rli-tu’sli bolıwı, balanın’ o’sip rawajlanıwında, sana-seziminin’ o’siwinde u’lken a’hmiyetke iye. Sol ushında baqsha ta’rbiyashıları balalardın’ jasın esapqa alıp, olardın’ jasına tuwrı keletug’ın oyınlar, oyınshıqlar, kitapshalar ko’rsetip olardı oqıp beriwleri kerek.

Baqsha jasındag’ı balalardın’ qıyalı tiykarınan, olardın’ ha’r qıylı oyın xızmetinde o’sedi. Biraq usı na’rse itibarlı, eger baqsha jasındag’ı balalarda qıyal etiw uqıplılıg’ı bolmag’anda edi, olardın’ qıyalda ha’r qıylı bolmas edi. Baqsha jasındag’ı balalardın’ qıyalları tu’rli shınıg’ıwlarda o’sedi. Mısalı baqsha jasındag’ı balalar laydan tu’rli zatlar jasawıdı, qumnan tu’rli na’rseler sog’ıp

oynawdı ha'm su'wret salıwdı jaqsı ko'redi. A'ne sonday shınıg'ıwlar balalar qıyalının' o'siwine ku'shli ta'sir jasaydı. Baqsha jasındag'ı balalar qıyalının' o'siwinde ku'shli ta'sir jasaytug'ın faktorlardan jeke biri ertekler esaplanadı. Balalar haywanlar haqqındag'ı tu'rli erteklerdi esitkende usı erteklerdegi obrazlag'a belgili mu'na'sebetler ju'zege keledi.

Erte balalıq da'wirinde este saqlaw biliwdegi tiykarg'ı funktsiya esaplanıp, al biliwdin' barlıq ko'rinislerinin' rawajlanıwında qatnasadı. Bul da'wirde balanın' este saqlawı ku'shli rawajlanadı. Balanın' o'mirlik ta'jriybelerdi o'zlestiriwinde aldın ha'reketli, emotsianal ha'm obrazlı este saqlaw qatnasadı. Bul barısta ha'reketli, emotsional ha'm obrazlı este saqlaw u'stemlik etedi. Este saqlaw bul jasta tiykarınan erksiz boladı.

Bul da'wirdegi balalarg'a ko'p kitap oqıp beriw na'tiyjesinde olar erte qosıq shıg'armalardı eslep qaladı, biraq bunday eslep qalıw balanın' ulıwma aqılıy rawajlanıwın da este saqlawdın' individual o'zgesheligin de bildirmeydi. Bul erte balalıq da'wirindegi balalardın' barlıg'ına ta'n bolg'an nerv sistemasının' ulıwma iyiliwshiligi na'tiyjesi bolıp tabıladı. O'zi ha'mde a'tiraptag'ılar o'miri haqqındag'ı waqyalarda izbe- izlik barlıg'ı ushın da olardı ele tolıq este saqlap qala almaydı. Bul da'wirdegi balalar tiykarınan o'z is ha'reketlerin oylap otırmaydılar, sebebi is ha'reketler o'zgermeli boladı. Mısalı, balanın' jılawın ha'm jılawdan toqtatıw tez o'zgeredi.

Bul jastag'ı balanın' este saqlawı jan'a xızmetleri ha'm balanın' o'z aldına qoyg'an jan'a talapları tiykarında jetilisip baradı. Baqsha jasındag'ı balalar o'zleri ushın a'hmiyetke iye bolg'an, olarda u'lken ko'z qarastı payda etetug'ın, ha'mde olardı qızıqtıratug'ın zatlardı erksiz tu'rde eslerinde alıp qaladı.

Balanı jasına ha'm uqıbına qaray ta'rbiyalaw da'stu'rleri ata-babalardın' turmıs ta'jiriybelerinen, o'mirde oylap tu'ygenlerinen kelip shıqqan, ha'zirde jaslar ta'rbiyasında xalıq pedagogikası ken' qollanılıp kiyatırg'an usıllardın' biri. Balalardı jasına ha'm uqıbına say ta'rbiya beriw da'stu'rleri keleshekte o'zi ha'm xalqı ushın payda keltiretug'ın adam bolıp shıg'ıwına o'z ta'sirin tiygizedi. Yag'nıy balanın' kishkene waqtınan baslap, o'zinin' tuwılıp o'sken

jeri, xalqı ushın sadıq perzent bolıwına, xızmet etiwge, xalqımızdın' ruwxıy miyraslarına su'yispenshilik sezimlerin ta'rbiyalawg'a ken' mu'mkinshilik beredi.

Xalıq balanın' ta'rbiyasına jas waqtınan itibar berip onın' adam bolıp ka'malg'a jetisiwine ta'sir jasaytug'ın ta'rbiyanın' durıs jolg'a qoyılıwına ba'rqulla dıqqat penen qarag'an. Xalqımız bala ta'rbiyalawdın' ko'p ta'sirlik usıl, ta'jiriybelerine iye bolsa da balalardın' jeke o'zgesheligin esapqa alıp kelgen. Sebebi, ha'r bir ata-ana balalardın' keleshegi aydın, tabıslı bolıwların qa'leydi. Sonlıqtan , olardın den sawlıg'ı ku'shli, xosh kewilli, ruwxıy jaqtan bay insan bolıwdı qa'leydi.

Awız eki xalıq do'retpelerinde «Aqıl jastan shıg'adı, gawhar tastan shıg'adı» degen pikirleri biykar aytılmag'an.

Xalıq ta'jiriybesinde bala ta'rbiyası ba'rqulla onın' jas ha'm psixologiyasına baylanıslı tu'rde a'melge asırılg'an. Xalıq pedagogikasında ha'm ilimiy mag'lıwmatlar boyınsha bala tuwwılg'annan son' on jeti jasqa shekem , ayırım jag'daylarda jigirma jasqa shekem o'siw xalatın basınan keshiredi, yag'nıy su'yegi qatıw da'wiri degen mag'lıwmattı beredi.

İnsan ta'rbiyası ba'rqulla dawam etiwshi qubılıs, bul balalardın' jası menen sheklenip qalmaydı. Biraq jas ha'm minez qulqına qaray jarasıqlı ta'lim-ta'rbiya beriledi. Mısalı, «o'gizdin' otın jep, baspaqtın' ornında jatpa», «bolar bala on bebsinde bospan der, bolmas adam otızında jaspan der» degen danalıq so'zleri ha'r bir insannın' jasına ılayıq ta'lim-ta'rbiya alıwın tu'sindirgen. Shının da jas rawajlanıwı insandag'ı fizikalıq, ruwxıy ha'm ja'miyetlik basqısh bolıp, bul baladag'ı tuwma ha'm ta'rbiyalıq sıpatlardın' o'zgesheliklerin esapqa alıp otıradı. Fizikalıq rawajlanıw, baladag'ı ku'sh-quwattın' artıwı, denesinin' salamat bolıwı, «sap denede, sap aqıl» degendey, den ag'zalarının' durıs rawajlanıwı onın' aqıl oyının' durıs qa'liplesiwine tiykar saladı.

Balag'a ta'lim-ta'rbiya beriwdin' usılları, mazmunı ha'm ta'rtipleri balanın' rawajlanıw barısı xalıq pedagogikasının' da'stu'riy jolı boyınsha balanın' jasına ha'm uqıbına qaray alıp barıladı. Ma'selen, kishi jastag'ı balalar

menen ta’lim-ta’rbiya jumısların alıp barg’anda olardın’ ele turmısqa erkin qa’liplespegenligin  esapqa alıw, biraq turmıstag’ı haqıyqıy waqıyalarg’a tiykarlanıp a’melge asırılıwın talap etedi.

Xalıq pedagogikasında balanın’ jetige shıg’ıwı belgili bir basqısh ekenligin ko’rsetedi. Sebebi, «Bala jetige shıqqansha jerden tayaq jeydi» degen pikirleri bunı ayqın da’liylep ko’rsetedi. Sebebi, balanın’ bir qa’lipke tu’siwi u’lken qıyınshılıq tuwg’ızıwı menen birge bala o’mirinde tiykarg’ı ta’lim-ta’rbiyanın’ fundamentin salatug’ınlıg’ın ko’rsetedi.

Balanın’ jası o’sken sayın ruwxıy jaqtan bay bolıwı, ko’pshilik jag’dayda ata-analarg’a, ta’rbiyashılardın’ ta’lim- ta’rbiya jumısların durıs jolg’a qoyıwına baylanıslı boladı. Awız eki xalıq do’retpeleri  bul haqqında  ko’p pikir ha’m na’siyatlar aytılg’an: «Jaslıq danalıqtı boyg’a sin’diretug’ın, g’arrılıq onı paydalanatug’ın waqıt», «Bilegi ku’shli birdi jıg’adı, bilimi ku’shli mın’dı jıg’adı», «Ju’zden ju’yrik shıg’adı, mın’nan tulpar», «Aldamag’a bala jaqsı», «Burın tuwg’annan aqıl sora, burın kong’annan qonıs sora», «Ag’ası urar bolsa inisi jılar bolar», «Onbeste otaw iyesi» ha’m t.b.

Ha’r bir bala o’zine ta’n ayırmashılıqqa iye. Ta’lim-ta’rbiya arqalı balanı rawajlandırıwda onın’ tek jas o’zgeshelikleri g’ana emes, al o’zine ta’n bolg’an sapasın, belgilerin de esapqa alıw lazım. Xalıq pedagogikasında: «Balanı tuwsan’ da, minezin tuwmaysan’» degendey ha’r bir adamnın’ o’zine ta’n ta’biyiy o’zgeshelikleri menen birgelikte o’zine say ko’rinisi jeke ayırmashılıg’ı jag’ınan biyta’kirar, uqsası joq qubılıslarg’a iye orınları ju’da’ ko’p. Joqarıda so’z etilgenindey xalıqtın’ ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye awız eki xalıq do’retpeleri, da’stu’rleri jaslardın’ usı jeke ayırmashılıqların ha’m jas o’zgeshiliklerin jaslardı qa’liplestiriw barısında ayrıqsha inabatqa alıw teren’ligin ba’rqulla yadqa uslawdı talap etken.

## II.3. Balalardın' jasına ha'm uqıbına qaray awızeki xalıq do'retpelerin u'yretiw usılları

Xalıqtın' so'z o'nerinin'- en' a'hmiyetli bo'legin, yag'nıy awız eki xalıq do'retpelerinin' bir tu'rin «ertekler» dep ataydı. Ertek- ertedegini so'yleytug'ın, ertede bolg'an waqıyanı boljaytug'ın, ertedegi degen so'zdi bildiredi. Ertek- folklorg'a qosılıp folklordın' u'lken shaqapshası boladı. Folklor - so'z o'neri, ol awız eki xalıq a'debiyatının' ko'p shaqapların o'z ishine aladı.

Ha'rbir xalıqtın' awız eki xalıq a'debiyatının' o'zine ta'n bolg'an ayırım ertedegi so'zleri boladı, olar ha'r tu'rli qıyalıy ha'm turmısqa baylanıslı mazmunda kewil ko'teriw, waqtı xoshlıq penen waqtın o'tkeriw, so'z arqalı, dushpannan o'sh alıw, awır miynetin jen'illetiw ushın so'ylenip beriledi, bul so'ylep, bayanlap beriwlerdi «Ertek» dep ataydı. Qaraqalpaq xalqının' su'ygen a'debiyat tu'ri ertek bolg'an. Ertekti aytıwshı ertekshil, ertekti so'ylep beretug'ın ustaları-«qatı qulaq» adamları bolg'an.

Ertekti ko'pshiliktin' ba'ri su'ygen. A'sirese ertekler balalar o'mirinde og'ada a'hmiyetli orındı iyeleydi ha'm u'lken ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye. Sebebi, balalar erteklerdi tın'law menen birge turmıstag'ı real waqıyalardı durıs ha'm anıq tu'siniwge, jaqsı menen jamannın', a'dillik penen a'dilsizliktin', jawızlıq penen miyrim-sha'pa'a'ttin' parqına jetiwge ken' mu'mkinshilik beredi.

Ertek ko'bine jay miynetkesh xalıqtın' ishinde ko'p taralg'an. Shınında shın miynetkesh xalıq ertektin' do'retiwshisi bolg'an. Ertekti ko'binese balalar su'ygen, bala tu'we u'lken adamlar da tın'lag'an, qıstın' uzaq tu'nlerinde olar toplanıp, jıynalıp ertekler aytısıp, olardı jaqsı tın'laytug'ın bolg'an.

Ertek folklordın’ en’ eskisi, en’ a’yyemgi zamang’ısı boladı, ol bizin’ zamanımızg’a deyin o’sip-o’nip, ko’beyip, jan’alanıp kelgen.

Ko’p erteklerde en’ eski du’nyanın’ izi, qaldıg’ı ko’rinedi. Erteklerdin’ ishinde tolıp atırg’an qıyalıy obrazlar bar, adamlardın’ du’nyanı qalay tanıg’anı, ta’biyattı tiri zat dep tu’siniwlerin ko’remiz. Ol zamannın’ adamlarının’ oy-o’risi ushın bul «Ertek» g’ana bolıp sanalmag’an. A’yyemgi zaman eski erteklerdin’ ko’bi kewilsiz, qorqınıshlı xarakterde bolıp keledi. Aydarha, jalmawız (ma’stan) kempir, jalg’ız ko’zli da’w, jin-shaytan, albastı, qıdır ata t.b. ol zamannın’ adamlarının’ tu’siniwinshe olardı ko’rip bilip bolmaydı, sonlıqtan bulardı en’ qorqınıshlı zat dep tu’singen.

Adamlar neni ko’zi menen ko’rip-bilmese, ol bir qorqınısh-qa’wipli na’rse dep ko’z keltirgen, oylag’an. Aydarha awzının’ demi menen adamlardı jutadı, albaslı adamlardın’ arqasına asıladı. Jalmawız kempir balanı jeydi, jez tırnaqtın’ adam o’ltiretug’ın tırnag’ı bar. Bular adamdı ko’rmese de, iyiskep biledi, bular adamlar ushın en’ qorqınıshlı zat bolg’an, adamlar ushın haywanlar da qorqınıshtın’ birewi bolg’an. Qaybir erteklerde u’n’girde jasırnıp otırg’an adamnın’ tusına kelgende tu’lki «bulkarada adamzattın’ iyisi bar g’oy», degende, tıshqan juwırıp barıp, jolbarısqa xabar beredi. Jolbarıs ol adamdı o’ltiredi.

Biraq, adamlar ta’biyattı o’zine bag’ındırmasa da, o’mir boyınsha ta’biyattın’ u’stinen hu’kim su’riwdi, ta’biyattı o’zine bag’ındırıp o’mir su’riwdi a’rman qılg’an. O’zinin’ o’mirin jaqsılawg’a, miynetin jen’illetiwge, jawın jen’iwge tırısqan. Erteklerde Arıq mergen jez tırnaqtı hiylelik penen o’ltiredi. Jalmawız kempirdin’ pıt-shıtın shıg’aradı. Otsız, suwsız da’stu’rxanda tamaq pisedi, tulparg’a qanat pitedi, adamdı alıp ushadı, adamlar suymurıq qusqa minedi, karamat arqalı neshe ku’nlik joldag’ı bolıp atırg’an waqıyanı ko’redi. Mine bulardın’ ba’ri qıyalıy bolsa da adamlardın’ a’rmanı, adamlardın’ miyneti menen baylanıslı oy-pikirleri boladı.

Bunnan neshe a’sirler burın adamlar qıyalıy oylardı do’retken bolsa, adamzat ta’biyattın’ u’stinen hu’kim su’rip, texnikanı iyeledi, oylag’an

a'rmang'a jetti, hawada ushtı, Ayg'a jetti, suwda ju'zdi, du'rmin, teleskop penen uzaqtı ko'rdi. Adamlarg'a jen'islik bermegen qıyalıy zatlar qaybir erteklerdegi qaharmanlar arqalı olar adamlarg'a xızmet qıla baslaydı. Adamlar o'zinin' aqılı, hiylesi arqalı qorqınıshlı tu'rli jawların jen'edi. Aydarhalardı qılısh penen bo'ledi, jalmawız kempirdi otqa, suwg'a atadı, adamzat ta'biyatqa u'stem boladı. Ta'biyatqa u'stem bolıw menen qorqınıshtan azat boladı. Ertedegi ku'segen a'rmanına jetti.

Ertekler adamlar klassqa bo'linbesten burın do'rep, klasslıq da'wirde de jog'alıp ketpedi. Tek ha'r da'wirdin' tu'rine qarap, onın' xarakteri menen mazmunı miynetkesh xalıqtın' a'rmanın so'yleytug'ın bolg'an.

Bizin' zamanımızg'a jaqınraq ertekler adamlardın' ku'n ko'ris o'mirine baylanıslı realistlik xarakterge iye bolg'an. Erteklerdin' qaharmanları jay miynetkesh xalıqlarının' wa'killeri bolıp alg'an. «Kempir menen g'arrı», «Ana menen bala», «Tazsha», «Qoyshı», «Diyqan ha'm onın' hayalı» erteklerin qaharmanları jay xalıq bolıw menen onın' dushpanları da o'sken. Bul ta'biyg'ıy na'rse miynetkesh xalıqlar o'zin eziwshiler menen ushırasıwg'a gu'resiwge tuwra kelgen. «Bay menen jarlı», «Bay balası menen jarlı balası»-erteginde patsha, xan, bay, molla, qazı, iyshanlardın' ba'rin jay diyqan jen'ip, ya bolmasa padashı shopan jen'ip shıg'a beredi. Mine usınday ba'rqulla haqıyqatta da jen'iwshilik bola berse eken dep xalıq mudamı a'rman ete bergen.

Xalıq qara xalıqtan xan bolsa eken, a'dil bolar edi dep, erteklerde tazsha balanı xan qıladı, qay bir erteklerde tazsha balada xan bolg'annan keyin ha'dden asıp ketedi. En' bolmag'an son' shopanlardan ko'terilip xanlıq qolına tiygen Ayazxan da «Ayazxan ha'ddin'di baq, dım bolmasa sharqın'a baq»-dep qoyshı wag'ındag'ı sharqın man'layshag'a ilip qoyadı eken.

A'lbette miynetkesh xalıq qara puqara xalıqtan xan ko'terip a'dillikti a'rman qılg'an menen, ja'miytlik qurılıs, xojalıq sisteması o'zgermey turıp, qansha qara xalıqtan xan bolg'an menen, xanlıq da'wirde a'dil xan bolıwı mu'mkin emes edi.

Mine usılay etip ertekler o’sip-o’nip, o’mir su’rip kelgen, xalıqtın’ so’z o’neri-xalıq do’retpesi xalıq o’miri menen birge o’sip-o’ngen ha’r zamannın’ jag’dayın, ko’z-qarasın su’wretlep kele bergen.

Ertek-shın xalıq do’retpesi, onın’ ideyalıq mazmunı qaharmanlardın’ tu’rli-tu’rli ta’repleri miynetkesh xalıqtın’ o’mir jag’dayın sıpatlaydı.

Ertekler o’zinin’ xarakteri ha’m mazmunına qarap eki gruppag’a bo’linedi.

Qıyalıy (fantastikalıq) ertek. Realistlik xarakterdegi ertekler. Bunın’ ha’rqaysısına erteklderdin’ tu’rleri kiredi. Qıyalıy erteklerge tiykarınan sıyqırlı ha’m haywanlar haqqındag’ı ertekler kiredi, realstlik erteklerge-turmısqa baylanıslı ha’m satiralıq (ku’ldirgi) ertekler kiredi. Bul ertekler o’zinin’ qa’siyetine qarap bir-birinen ayrıladı.

Erteklerdin’ ishinde sheshenler, laqqılar so’zi menen legenda (aqız so’z) tu’rleri de boladı.

Joqarıda keltirilgen ertek personajların balalarg’a oyın tu’rinde, yag’nıy saxnalastırılg’an yamasa rolli oyınlardı sho’lkemlestiriw u’lken a’hmiyetke iye. Oyıng’a kirisken balalardın’ o’z-ara qatnası a’piwayı bolmaydı. Oyın waqtındag’ı qarama-qarsılıqlar o’zinin’ moynına alg’an rollerdi birliginen kelip shıg’atug’ın mektep jasına shekemgi balalardın’ o’z-ara qatnasındag’ı ha’m balanın’ jeke basındag’ı ayırmashılıqlar, oynap atırg’an balalar ta’repinen kelip shıg’atug’ın qarım-qatnastın’ xarakteri na’tiyjesinde anıq ko’rinedi.

En’ da’slep, rollerdin’ syujeti boyınsha oyın gruppada birin-biri tanıytug’ın balalar arasında payda boladı. Bul gruppada oyın baslanaman degenshe jeke o’z-ara qatnastın’ belgili bir sisteması qa’liplesken boladı, onda ha’r bir bala anaw yamasa mınaw roldi iyeleytug’ını, anaw yamasa mınaw sotsiometrikalıq statusqa iye bolatug’ınlıg’ı ko’rsetiledi. Bul qarım-qatnasıqlar oyınnın’ en’ birinshi basqıshında-aq ko’rine baslaydı: saylaw ko’z-qarası tiykarında oyın gruppaları payda boladı. Bul A.P.Usovanın’ ko’rsetkenindey, da’slep ertektin’ mazmunına qızıg’ıwshılıq tiykarında, al son’ balalardın’ bir-birine qızıg’ıwshılıg’ı tiykarında birlesiwi mu’mkin. Birlesiwdin’ basqada motivi bolıwı mu’mkin: bir-birin o’z-ara jaqsı ko’retug’ın balalar syujet boyınsha oyın ushın ko’pshilikti

qanaatlandıratug'ın birlespege birigedi. Bunday «jeke qızıg'ıwshılıq na'tiyjesinde payda bolg'an oyın tu'rleri,- dep ko'rsetedi. A.P.Usova, - balalardın' o'mirindegi qubılıs bolıwı mu'mkin».

Topar ishindegi real, qarım-qatnasıqlardı ko'pshilik jag'dayda oyınnın' keyingi basqıshı-rollerdi bo'listiriw arqalı anıqlaydı. En' qızıqlı rollerdi ko'binese tiyisli eksperimentler na'tiyjesinde ko'birek tan'lap alıwg'a iye, bolatug'ın joqarı statusqa iye (sotsiometrikalıq «juldızlar») balalar alatug'ının izertlewler ko'rsetip otır. Bul jag'dayda olar o'zlerinin' qa'lewi boyınsha oyınnın' syujetin bag'darlawshı, onın' konkret mazmunın belgilewshi, basqa rollerdi bo'listiriwshi, rollerdin' durıs orınlanıwına iseniwge baha beriwshi oyın gruppasındag'ı basshı sıpatında boladı.

Bunday basshılıq pozitsiyag'a iye bolıw ushın joqarı sotsiometrikalıq status jetkiliksiz, onın' u'stine sho'lkemlestiriwshilik uqıp, sonday-aq rollerdi durıs orınlawg'a tiyisli isenim bolıw kerek. Topar ishinde ko'pshilik balalar jaqsı ko'retug'ın topardın' ag'zası oyınnın' basshısı, onın' sho'lkemlestiriwshisi bola bermeydi, topardag'ı balanın' jag'dayı ha'm oyın qatnasıwshısı sıpatında onın' sapası arasında o'z-ara tıg'ız baylanıs bar ekenligin izertlewler ko'rsetip otır: oyın da'wirinde payda bolatug'ın usı qa'siyetler ko'pshilik jag'dayda o'z joldasları arasında mektepke shekemgi balalardın' statusın anıqlaydı.

Pedagog ushın birinshiden, balalar oynaytug'ın toparda ko'binese ayırım balalardın' buyrıq berip, en' jaqsı rollerdi basıp alıwı, al basqalarının' ba'rqulla bag'ınıwı sıyaqlı mu'mkin bolg'an tilekke qarsı «qarama-qarsılıqtı», ekinshiden, balalar arasındag'ı o'z-ara qarım-qatnastı oyın arqalı basqarıw mu'mkinshiligin esapqa alıw ku'ta' a'hmiyetli.

Solay etip, oyında o'zinin' kelip shıg'ıwı ha'm funktsiyası jag'ınan ha'r tu'rli o'z-ara qatnasıqtın' bir neshe tipi payda boladı. En' aldı menen, joqarıda ko'rsetilgenindey, bul oyın baslanaman degenshe payda bolg'an jeke adamlar arasındag'ı birina'wiye turaqlı qarım-qatnas. Usı fonda oyınnın' syujeti ha'm mazmunına baylanıslı syujetli-rollik qatnas kelip shıg'adı ha'm rawajlanadı: balalar o'zlerinin' ha'reketlerinde ha'm pikirlerinde suwretlep ko'rsetilgen

personajlardın’ (satıwshı ha’m satıp alıwshının’, kapitannın’, matrostın’ ha’m passajirdin’, vrach ha’m keseldin’ h.t.b.) o’z-ara qarım-qatnas xarakter ha’m mazmunı tuwralı o’zinin’ tu’siniklerin iske asıradı. Bul jerde qanday da bolmasın teatr spektakllerindegi rollerdi orınlawg’a uqsaslıq bolıwı itimal: bul jerde belgili bir roldi oynawshı akterlar bir-birine jumıs babındag’ı joldası sıpatında qarawda shette qalmaydı.

Bunday o’z-ara ha’reket etiw na’tiyjesinde qarım-qatnastın’ u’shinshi tu’ri- oyıng’a sa’ykes sho’lkemlestiriw qarım-qatnas payda boladı, bunday da balalar-personajlar tezlik penen rollerden «shıg’adı» ha’m qadag’alaw, ju’rgizedi. Bul tan’lanarlıq na’rse emes: akterlar menen salıstırg’anda bunda balalardın’ o’zleri oyın barısın sho’lkemlestiriwshi rolin atqaradı.

Bul rette biz oyın baslanaman degenshe jeke qarım-qatnasının’ oyınnın’ barısında keltirgen ku’shli ta’sirin bayqaymız. Bul ta’sir sho’lkemlestiriwshilik iskerlik baylanısta ha’m qarım-qatnastın’ tiyisli formalarında payda boladı. Sho’lkemlestiriwshilik qatnas rollerdi orınlawdın’ durıslıg’ına baha beriwde, oyındag’ı minez-qulıqtın’ talapqa sa’ykes keliwine, oyıng’a qatnasıwshılardı ko’rsetiwde qag’ıtpa so’zler aytıw formasında payda boladı.

Oyın qatnasıwshılarının’ oyıng’a u’yleskenligine, ondag’ı real qatnasıqlarg’a, ertek syujetinin’ ha’m mazmunının’ rawajlanıwına baylanıslı, birinshi orıng’aa qatnasıqlardın’ birde anaw birde mınaw tipleri usınılıwı mu’mkin. A’sirese gruppa ishindegi o’z-ara qarım-qatnastın’ rawajlanıwı ushın u’lken jastag’ı adamlardın’ o’z-ara g’a’rezsizligi tuwralı balalardın’ tu’siniginin’ iske asıwı u’lken a’hmiyetke iye boladı. Oyında balalardın’ basqa jag’daylarda erise almaytug’ın qarım-qatnasıqlarg’a erisetug’ınlıg’ın izertlewler ko’rsetti. Bul qatnasıqlar o’z-ara birin-biri qadag’alaw, bir-birine bag’ınıw, bir-birine ja’rdem beriwdi an’latadı. «Real turmısta,-dep ko’rsetedi D.B. Elkonin,- bunday o’z-ara qarım-qatnasıqqa ha’tteki joqarı jastag’ı mektepke shekemgi balalar da erise almaydı. Solay etip, balalar o’zlerinin’ oyınlarında o’zlerinin’ ja’ma’a’tlik real turmısında qıyınıraq qarım-qatnasıqlarg’a aralasadı. Ja’ma’a’tlik oyınnın’ ta’siri astında, bulardı ja’ma’a’tlik minez-qulıqtın’ normaları ta’rbiyalanadı, bul son’

balalar ta’repinen oyınnan bos waqıtlarg’a da o’tkeriledi ha’m olardın’ minez-qulıqlarının’ ulıwma normalları boladı». Bul jag’daylarda balalarda mektepke shekemgi jastag’ı da’rejede-aq o’zin belgili bir kollektivtin’ ag’zası sıpatında tu’siniwshilik, «Bizler» degen sezimnin’ ko’rinisleri payda boladı. Solay etip, oyın tek mektep jasına shekemgi balanın’ jeke rawajlanıwı ushın jaqın waqıttag’ı rawajlanıw da’wirin du’zip qoymastan, topar balalarının’ ja’ma’a’t sıpatında qa’liplesiw jolındag’ı rawajlanıw da’wirin de syujetli roldi du’zedi.

## J U W M A Q L A W

Prezidentimiz İ.A.Karimov o'zinin' shıg'ıp so'ylegen so'zinde «Qaysı bir ma'mlekettin' rawajlanıw tariyxın bilgin' kelse, da'slep onın' ma'deniyatın, ruwxıy miyrasların, ana tilin u'yren», degen edi. Haqıyqatında da, ko'p a'sirler tariyxına iye bolg'an qaraqalpaq xalqı o'z turmıs tirishiliginin' ko'rinisi sıpatında tu'rli janrda u'lken miyras do'retken. Olar awız eki xalıq do'retpeleri. Bul miyraslarımızdın' qaraqalpaq xalqı ushın u'lken xızmet atqarıwı menen birge balalar, jslar ha'm u'lkenler turmısında o'zinin' ayrıqsha ornı menen ayırılıp turadı. Sebebi, janrlar o'zlerinin' ta'sirli, mazmunlı ha'm qızıqlılıg'ı menen adamdı o'zine tartpay turmaydı. Awız eki xalıq do'retpelerin izertlegen belgili ilimpazlardan N.Dawqaraev, Q.Maqsetov, N.Kamalov, A'.Tajimuratov, A.Alımovlardın' izertlegen miynetleri bu'gingi ku'nde aytpawg'a bolmaydı.

Sonlıqtan ta'lim-ta'rbiyanın' tiykarg'ı oshag'ı bolg'an balalar baqshasında awız-eki xalıq do'retpelerinen paydalanıw u'lken ta'sirin tiygizetug'ınlıg'ı ha'mmemizge belgili.

Awız eki xalıq do'retpelerin xalıq do'retedi, ol bir so'z sheberi ta'repinen do'retiledi, al biraq zamannan zamang'a o'tip tu'rli so'z sheberleri arqalı burıng'ı payda bolg'an folklorg'a qosımtalar qosılıp, jetildirip qayta islenedi, og'an ha'r da'wirdin' xalıqlıq tilegi qosılıp en' da'slepki do'retken avtordın' atı umtılıp, jalpı xalıq mu'lkine aylanıp ketedi. Tu'rli zaman so'z sheberlerinin', onın' du'nyag'a ko'z qarası arqalı onın' tu'rli janrları payda bolıp otıradı, ol janrlarda o'tkendegi tu'rli ja'miyettin' basqıshına ılayıq tu'rli da'stu'rler, do'retpeler payda bolıp, onı xalıq ma'pine ılayıq, awızeki xalıq do'retpelerin qollanıp baradı.

Haqıyqatında da, ma’mleketimizdin’ rawajlanıwı ushın birinshi gezekte ana tilimiz ha’m onı da’liylep ko’rsetetug’ın ata-babalarımızdan miyras bolıp qalg’an ruwxıy miyraslar bizin’ ma’mleketimizdin’ ha’r ta’repleme rawajlanıwın, du’nya ju’zi ma’deniyatınan orın alıwg’a ha’m onı tanıtıwg’a o’z u’lesin qosadı. Balanın’ ruwxıy jaqtan bay bolıwı, onın’ erkin pikir ju’rgiziwine, oy-o’risinin’, til baylıg’ının’ rawajlanıwına tiykar saladı.

Usıg’an baylanıslı, erte jasınan baslap aq, balalardı xalqımızdın’ miyras etip qaldırg’an, ha’zirgi ku’nge shekem o’zinin’ qunın joytpay, jan’alanıp bizin’ da’wirimizge jetip kelgen awız eki xalıq do’retpeleri balalarg’a ha’r ta’repleme ta’lim-ta’rbiya beriwde oraylıq orındı iyelep kelmekte.

A’sirese, balalardın’ haqıyqıy o’mirdi tanıwında, ha’r qanday waqıyalardı erkin, o’z betinshe u’yrenip ha’m jen’ip shıg’ıwda ertekler, naqıl-maqallar, jan’ıltpashlar, qosıqlar o’zinin’ ta’sirli, mazmunlı, balalrdın’ qızıg’ıwshılıg’ın arttırıwshı qa’siyetleri menen ajıralıp turadı. Sonlıqtan:

- Baqsha menen shan’araq birge is alıp barsa g’ana balalardın’ miynet ta’rbiyası a’hmiyetli a’melge asırıladı.
- Ata-analar balalar miynet ta’rbiyası tiykarınan baqsha menen birgelikte islew za’ru’rligin tu’siniwine, bul isti qollap-quwatlawg’a ha’m u’yde dawam ettiriwi za’ru’r.
- Pedagog ata-analar ushın balalardın’ mektepke shekemgi ta’rbiya mekemesinde miynet iskerligin ta’rbiyalawdag’ı shınıg’ıwlar menen milliy miyraslarımızdan paydalanıwdın’ usıl ha’m formaların sho’lkemlestirip barıwı tiyis.
- Ta’rbiyashı ata-analar menen alıp barılatug’ın awız eki xalıq do’retpelerinin’ ha’r tu’rli formaları menen balalar baqshasında jumıslardı birlestiriwshi ko’rgizbeler, miynettin’ a’hmiyeti haqqında ha’m og’an basshılıq etiw metodların ashıp beriwshi qısqasha tekstler ha’m stendlerden paydalanıwı za’ru’r.

Ha’r bir xalıqtın’ tariyxıy rawajlanıwı, ekonomikalıq jetilisiwi barısında turmıstın’ tu’rli tarawlarında ruwxıy miyraslarımız ayrıqsha orındı iyeleydi.

Ata-babalardın’ ta’rbiyag’a ta’n bolg’an ruwxıy miyrasları o’z ta’jiriybeleri tiykarında payda bolıp, a’sirler dawamında jan’alanıp, zaman talabına ılayıq, bizin’ da’wirimzge jetip kelgen.

A’sirese, awız eki xalıq do’retpeleri mektepke shekemgi jastag’ı balalardın’, oylaw, so’ylew, aqıl-sanasının’ rawajlanıwına tiykar saladı. Awız eki xalıq do’retpeleri bala ta’rbiyasının’ ko’p g’ana da’stu’r ha’m usılları , bular balalrdın’ qa’biletli, zeyinli, aqıl-oylı, turmıstı tanıwda uqıplı bolıwında ayrıqsha rol atqaradı.

Qaharmanlıq da’stanlar, ertek, jumbaq, naqıl-maqallar menen xalıq qosıqları o’zlerinin’ mazmumnında miynet a’dep-ikramlılıq pazıyletlerge tolı xalıqtın’ arzıw u’mitlerin jaqsı tileklerin o’zine sa’wlelendirgen.

Demek, awız-eki xalıq do’retpeleri balalardın’ sanalı qa’liplesiwinde olardın’ jasına ha’m uqıbına say ta’rbiya beriwde o’zinin’ bahalı qunın joytpaydı.

## Paydalanılg’an a’debiyatlar:


1. İ.Karimov. «Joqarı ma’nawiyat- jen’ilmes ku’sh»Toshkent, 2009 y

2. İ.A.Karimov «Uzbekistan po puti uglubleniya ekonomicheskix reform» T.1995y.

3. Sh.Kurbonov, E.Seytxalilov «Neprerıvnoe obrazovanie v natsionalnoy modeli podgotovki kadrov». T. 2000 y.

4. Sh.Kurbonov, E.Seytxalilov. «Natsionalnaya model i programma po podgotovke kadrov – dostijeniya i rezultatı nezavisimosti Uzbekistana» 2001g.

5. «Bolangiz maktabga tayërmi?» Toshkent -2003 y.

6. Q.Ayımbetov, «Qaraqalpaq folklorı», 1998 j.

7. A.Alımov, «Qaraqalpaq folklorı», 1997 j.

8. A.Pazılov, «Ta’rbiya haqqında oylar», No’kis. Bilim, 2009j.

9. B.Baymuatov, «Mektep jasına deyingi balalardın’ tilin damıtıw metodikası», Almatı. Rauan, 1991 j.

10. S.Juraev, X.Kodirov, «Kichkintoylar nutqini wstirish», Toshkent. Uqituvchi, 1995 y.

11. A. Atoev. Farzandingiz barkamol bo’lsin. T. 1990y.

12. İmom Al-Buxoriy. Al-adad al-mufrad. T. 1990y.

13. Sh.A.Amonashvili. Olti eshdan – o’quvchi. /Pedagogik izlanish/ Tuzuvchi İ.N.Bajenova, T.O’qituvchi, 2000y.

14. A.P.Voskresenskaya. O gotovnosti detey k shkolnomu obucheniyu. M. 1999g.

15. L.E.Jurova, L.N.Nevskaya i dr. Obuchenie gramote v shkole. M.1996g.

16. E.M.Razbaev. Podgotovka detey k obucheniyu gramote v shkole. 2000g.

17. K.Abdullaeva. Savod urgatish. T.O’qituvchi, 2000y.